

Zvemadhimoni

Muchiyoero Chezvinamato



Handizive kuti vangani vanoziva rwiyo rwuduku urwu, apo ndinokukwazisai mukudziya kwakanyanyisa kwekuyanana kweChikristu pamwe nerudo rwaKristu nhasi, vangani vanoziva rwiyo rwuduku urwu, “Ane Hanyin’a Newe”? Munorwuziva? Zvakanaka, ngationei kuti tinorwuwana here. Munorwuziva, hanzvadzi? Munoziva? Zvino:

Ane hanyin’a newe,
Ane hanyin’a newe;
Nemuchiedza chezuva kana mumvuri,
Ane hanyin’a newe.

Oo, zvakanaka. Ngatirwuedzei zvekare zvino.

Ane hanyin’a newe,
Ane hanyin’a newe;
Nemuchiedza chezuva kana mumvuri,
Ane hanyin’a newe.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

² Baba vedu veKudenga, tinoKutendai nokuti Imi mune hanyin’a nesu uye makaratidza rudo rweNyu kwatiri, zvekuti Makatumira Mwanakomana weNyu Momene anodikanwa, ku...Mwanakomana waMwari asina mhosva, kuti atore nzvimbo yevatadzi vane mhosva. TinoKutendai sei, kuti Imi makatichengeta uye muchitirangarira, kuita izvi! Uye isu tinozvikoshesa zvikuru, Ishe. Tinofara kuungana pano masikati ano, pasi pezvifukidzo zvevatenga, uye tichikumbira maropafadzo eNyu pashumiro ino. Zviitei, Ishe, kuti wese murume, mudzimai, mukomana kana musikana ari pano, anzvere zvakadzika zvino muMagwaro. Takatarisana nenyika iri kutungamirirwa naSatani. Uye, Baba, tinonamata, patava kudzidza simba remadhimoni uye nezvaanoita kuvanhu, kuti Mutipe kutenda kukuru, uye dai zviratidzo pamwe nezvishamiso zvikuru zvikaitwa. Nekuti, tinozvikumbira muZita raKristu uye kuitira kubwinya kwaMwari. Amen.

³ Tiri, muchidzidzo masikati ano, takurumidza kupinda machiri, ndinofungidzira, neangangoita maminiti gumi nemashanu. Zvichiri pane *Zvemadhimoni*.

⁴ Uye zvino ndichangobva kuwana shoko, nguva yapfuura; Hama Beeler, kubva kushamwari dzangu. Zvino ndinotanga muAfrika, pakati paChikunguru. Saka zvagadziriswa, tazvigadziriswa zvino. Uye Hama Baxter havagone kuenda

panguva iyoyo, saka ndiri kuzofanira kuenda kuAfrica ndiri ndega. Saka kuenda ikoko ne...dai...Munofanira kundinamatira zvino, kuti Ishe vandibatsire, nokuti ndichazonyatsoida zvino, uko pakati...Ndiri kutarisira vanhu vanosvika zviuru mazana maviri mumusangano iwoyo.

⁵ Zvino ndine chiratidzo chakanyorwa pano. Ndinoda kuti imi vanhu muwane kubatsirika kubva pachiri. Chakaitika munaZvita. Ndakange ndiri mukamuri mamwe mangwanani apo Mutumwa waJehovha akapinda. Ini...Munoona, pandakanga ndiri ikoko, handina kuteerera Mwari, uye ndakabatira ameba. Chero munhu anoziva—anoziva kuti ameba chii, hutachiwana hunopinda...hunotopotsa hwakuuraya. Uye nokuti ndakaita chimwe chinhu Mwari akandiudza kuti ndisaita. Vangani vakambonzwa nyaya yacho? Ndinofungidzira vamwe venyu vari pano. Ndinoziva kuti vanhu vanobva munharaunda yepatabhanakeri vakanzwa nyaya yezvakaitika. Mwari vakandiudza kuti ndiende kune imwe nzvimbo, uye kuti ndigare kure nenzvimbo *iyi*, uye kuti ndidzokere kune imwe nzvimbo. Uye ndakaregera vaparidzi vachitaura zvakasvika pakuti ndisiyane nazvo. Zvino, vaparidzi vakanaka, uye ihama dzangu, asi iwe ita basa neizvo Mwari anokuudza. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Une basa rokuita rimwe chete.

⁶ Vangani vanorangarira pane imwe nguva paiva nevaporoifita vaviri muBhaibheri? Zvino mumwe wacho, Ishe vakamuudza, vakati, “Uende kune *imwe* nzvimbo. Uye usa—usauye ne...Iwe dzokera neimwe nzira,” nezvimwe zvakadaro. Uye—uye akati, “Usadye kana kunwa kana uri ikoko.”

⁷ Zvino mumwe muporoifita wechokwadi akasangana naye, ndokuti, “Ishe vasangana neni mushure mekunge Asangana newe.” Uye akati, “Huya kumba kwangu.” Zvino muporoifita akateerera kune zvakataurwa nemumwe wacho, uye akarasikirwa nehupenyu hwake nekuda kwazvo. Maona, iwe ita zvaunenge waudzwa naMwari kuti uite zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudii.

⁸ Zvino tiri...Muchiratidzo ichi, iYe...Chakandimutsa, musi wegumi nematatu waGunya...kana kuti waZvita. Uye—uye pandakanga ndakagara parutivi rwemubhedha wangu, ndakanga ndichingonetseka kuti ramangwana rangu richange rakadii. Ini...Pandakadzoka kuno, vanga vakagadzirira kundikandira muimba yezvirwere, hutachiona hwakange hwasvika pakuda kunditora. Uye vakandiongorora pandakangopinda munyika muno. Zvino, nenyasha dzaMwari, vakangondiredza ndichienda kumba, nokuti hwakange hwanyanyisa kupararira. Zvino ndakanamata, uye ndokuenda kuvashumiri vaye, ndikati, “Ishe vati ndisaenda nenzira iyoyo.”

Vakati, “Oo, Mwari vanotaurawo nemumwe munhu kunze kwenyu imi.”

⁹ Ndikati, “Kora aiva nepfungwa iyoyo imwe nguva.” Uye saka, asi ndakaenda ndikatora mashizha ndikaaisa patsoka dzavo, zvino ndikati, “Rangarirai, nemuZita raShe, kana tikangatora rwendo irworwo ikoko, rwuchakundika, uye tose tichazvibhadharira.” Uye takazvibhadharira zvechokwadi! Oo, ini zvangu! Tose takaita kunge tichafa. Zvino manje pakudzoka. . .

¹⁰ Une zvakawanda zvekurwisana nazvo kune idzo nyika dzekunze. Semuenzaniso, kanhata kadiki kanogona kukuruma, kanogona kukonzera kuti uve nefivheri yezvikwekwe. Zvino kanhu kadiki ikako, kana kakakuruma, ukanzwa kuvaviwa, haugone kukakwenya. Ukatarisa, kana kari kamuchinda kaduku katema, usakadzura. Kane musoro muduku, kanoboora nzira yako kopinda muganda, kanotenderera sezvizvi kobva kazvinamatidza. Kana ukakadhonza, unodhonza musoro wosara urimo mukati. Kane hutachiona makari, hunokuremadza. Saka iko. . . Usakwenye, kana kuti usachidzura; ingatora mafuta. Zvino kanofema kubudikidza nekumashure kwako. Donhedzera mafuta ipapo, zvino kanobva kabva.

¹¹ Zvino kune humhutu hudiki. Hauite kana ruzha. Hunouya nemumhepo chaimo. [Hama Branham vanorova ruoko rwavo zvishoma—Mupepeti] Kanongokubata, zvatopera, wave nemararia.

¹² Uye—uye zvino kune nyoka yavanoti rovambira. Kana ikakuruma, unongorarama kwemaminitsi angaita maviri mushure mekunge yakuruma.

¹³ Uye kune nyamafingu yeruvara rweyero. Unorarama kwemaminitsi angaita gumi nemashanu mushure mekuruma kwayo. Zvino imwe yacho yaiva pedyo zvakanyanya nemwanakomana wangu, zvekutoti aigona kuisa ruoko rwake pamusoro wayo. Yakange yatosimuka, kuti irume, tisati taipfura, saizvozvo.

¹⁴ Zvino kune mhungu yeruvara rutema. Oo, kunongori nezvese! Uye njodzi dzemhuka dzesango, ndizvozvo, shumba, ingwe, kana mbada, uye nezvimwe zvose zvekurwisana nazvo, musango. Uyezve hosha, mune mhando dzose dzechosha imomo.

¹⁵ Zvino une izvozvo zvese zvekutarisana nazvo paunoenda. Kunze kwaizvozvo, kune zvekare n’anga inokupikisa kumativi ose, maona, nezvemashiripiti avo ose nezvinhu. Asi, chaizvo, chinhu chinoshamisa kwazvo kuona Ishe wedu vachichizunzira kure, kubva kurutivi kuenda kune rumwe rutivi, saizvozvo, woenderera mberi.

Zvino ndinorangarira zuva iroro, ndakamira ipapo, zvakana sei, izvo zvakaitika, ndichakuudzai pane imwe nguva mune mumwe musangano, nokuti ndave kuda kuti nditore chidzidzo changu masikati ano, che*Zvemadhimoni*.

16 Asi zvino, uye ndizvo zvandange ndichifunga pamusoro pazvo, ndakagara apo, kuti magumo achava akadii? Uye ndichidzoka mhiri kwemakungwa, ndinoziva takave kuda nezana rezviuru zvevakatendeuka patakanga tiriko. Zvino Hama Bosworth vakare vakauya kwandiri. Vakati, ndikati, “Zvakanaka, Hama Bosworth?”

17 Vakati, “Ndinodada nemi, Hama Branham!” Vakati, “Mungori—mungori pakutanga kwehupenyu,” uye vakati.

18 Ndakati, “Zvakanaka, ndinodaira kuti zvatopera.” Ndikati, “Ndapfuura makore makumi mana okuberekwa. Ndinodaira kuti ndakarwa kurwa kwakanaka uye ndapedza rwendo.”

19 Vakati, “Wapfuura makore makumi mana okuberekwa?” Vakati, “Ini ndaive zera iroro ndisati ndatendeuka.” Vakati, “Ndichiri kuenderera mberi zvakanaka.” Vakange wave pedyo nekusvika makore makumi masere. Zvino kungoti . . .

Ndakafunga, “Zvakanaka, pamwe ndizvo chaizvo.”

20 Saka ivo vakati, “Kwete, unongova Branham mutsva zvino. Wave kungoziva maitiro ekutungamirira misangano yako zviri nani, nezvimwe zvese.” Vakati, “Kana ukangorova America nenzira yayo chaiyo, nemusangano wakorongwa nenzira chaiyo, kwaunogona kugara mavhiki matanhatu kana masere uri panzvimbo, uye woita kuti zvinzvimbo uye zvoshambadzirwa kumativi ose,” vakati, “unoita chimwe chinhu, asi, uye kunaIshe wedu.” Saka takaenderera mberi, ndokungopfuurira saizvozvo, saka zvainge zvakanaka kwazvo—kwazvo.

21 Zvino kwapera chinguva, ndakaona chiratidzo, pandakanga ndiri muAmerica, uye chakauya kwandiri, uye ndokundizosera kuAfrica, uye chakandiratidza musangano mumwe chete, ndakagara imomo kumberi kweDurban. Zvino musangano wekutanga wakanyangadikira munhorondo, zvichienda Kumadokero. Musangano wechipiri wakasimuka uye, pazvakadaro, wakange wakati kurei kupfuura zvainge zvakaita musangano wekutanga. Zvino iYe. . .Ndakanzwa kudanidzira, uye Ngirozi yakanga ichiuya ichibva Kudenga; Yaive nechiedza chikuru.

22 Zvino Mutumwa waJehovha anomira nesu pano, aive akami- . . .anogara akamira kurudyi kwangu, nechekurutivi *urvu*. Zvino Akange akamira ipapo, uye Akange ari—Akange achifamba kwese-kwese. Zvino ndakaona Murume uyu akamira pasi Pake. A—Asiri. . .Zvino, ichi hachisi chiratidzo paunoMuona. Angori wemazvirokwazvo sekutarisa kwawakaita ini. Handiti, unogona kuMunzwa achifamba pamwe nokutaura kwauri. Zvino kana iYe. . .Chero chinhu, angori wemazvirokwazvo. Uye hachisi chiratidzo; Murume wacho amire ipapo sezvawakangoita. Uye izwi raKe rakangofanana nezvingaita rangu kana nezvingaita rako. Asi chiratidzo,

chimwe chinhu chinogoti bhaa pamberi pako uye wochiona, saizvozvo. Asi Murume uyu anongouya achifamba obva omira ipapo.

²³ Saka Akandiudza izvozvo...kuti chii chaizoitika. Uye Akati izvo...Mutumwa uyu akaburuka, uye Akandiudza kuti nditendeuke uye kuti nditarise *uku*. Zvino akatarisa kuIndia, zvino. Ini handisi kutaura kuti kuIndia, asi pedyo. Asi vaiva vanhu verudzi rwechiIndia.

²⁴ Chikonzero, vanhu vemuAfrica vahombe, vakasimba, vanhu vakakora. Vamwe vavo vanoda kutosvika mafiti manomwe pakureba, uye vachirema, oo, mazana maviri nemakumi masere, mazana matatu emapaundi, vakasimba. MaZulu, zvino, maShangai nemaBhasuto, uye, oo, kune marudzi mazhinji akasiyana-siyana. Pane marudzi gumi nemashanu akasiyana aive akagara ipapo zuva iroro, andaitaura nawo.

²⁵ Ndaitaura shoko rimwe chete, sokuti, “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.” Ndaienda kunonwa mvura risati rapera kuenda kune vadudziri vese. Mumwe aigona kuti... Uye neruzha rwose!

Ini ndaimbofunga, pandakanzwa vanhu vePentekosti vachitaura nendimi, kuti pamwe mumwe achitaura neimwe mhando yeruzha mumwewo achitaura neimwe, zvinoitika sei munyika? Asi ndinotenda kuti Bhaibheri nderechokwadi, uye ndinoziva kuti ndizvo zvaRiri, paRakati, “Hapana ruzha rwunoshaya zvarwunoreva.” Ndizvozvo chaizvo.

Vamwe vacho vaizoti, mumwe wavo aiti, “Blrr blrr blrr blrr,” zvaireva kuti “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.” Mumwe aiti, “Cluk cluk cluk cluk,” zvaireva kuti “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari,” mumutauro wake. Saka hazvinei nokuti imhando yeruzha rwupi, rwune zvarwunoreva kumwe kunhu. Ndizvozvo chaizvo. Hazvinei nokuti ruzha rwakaita sei, rwunoreva chimwe chinhu kune mumwe munhu pane imwe nzvimbo. Zvino paAinge... Ivo vaizopa izvozvo.

²⁶ Zvino ndakacherechedza kuti nechekuruboshwe rwangu, apo Ngirozi iya payakadzika uye ndakaona semhomho ipapo, uye vaive varume vane...vairatidzika sekunge vaive ne—nejira ravakamoneredza pavari, *sezvizvi*, rakamoneredzwa uye rakasungwa, kunge rakamoneredzwa pakacheche kadiki, napukeni. Uye raive saizvozvo. Zvino ndaingooni kwese kwandaikwanisa kuona, pakange pasina chimwe kunze kwevanhu. Zvino ipapo Ngirozi iyi yakabatidza chiedza chikuru chaienda mberi neshure, ndokubva chatanga kuzeya mberi neshure, saizvozvo. Uye handina kumbobvira ndakaona vanhu vakawanda zvakadaro muhupenyu hwangu!

²⁷ Zvino imwezve Ngirozi iyi yakauya pedyo-pedyo chaizvo neni, uye iYe ndokuti, “Kune zviuru mazana matatu avo mumusangano iwoyo.” Uye ndinazvo ndakazvinyora pasi apa.

Zvino iwe uzvinyore pane imwe mhando yekachidimbu kepepa, sezvandakakuudzai pamusoro pemukomana mudiki akamutswa kuFinland. Iwe zvinyore papeji yeBhaibheri rako risina chakadhindwa kana pane imwe nzvimbo, kuti mumusangano uno (Pachazove nemusangano. Uye muchauzwa kuburikidza neimwewo nzira.) wevanhu zviuru mazana matatu vachauya kumusangano iwowo. Zvino, onai kana izvozvo zvisiri izvo. Iwoyo uchave wakakura zvakapetwa katatu pane mumwe wacho. Maona? Zviuru mazana matatu evanhu vachange vari mumusangano. Uye ndiri kufara chaizvo kuzosvika ikoko, handizivi zvekuita, nokuti ndinoda kuhwinha mweya kuna Ishe wedu.

²⁸ Uye ipapo, panguva imwe chete, ndokuona—ndokuona zviuru makumi matatu zvemahedheni mambishi vakauya kuna Jesu Kristu mukudanwa kumwe chete kuartari, zviuru makumi matatu zvemahedheni mambishi.

²⁹ Zvino ngatiendei kuchidzidzo chedu nekukasika. Nezuro takadzidza maitiro emadhimoni. Ndanga ndiri kufunga nhasi, apo Mwari achishanda. Iwe hauzive kuti rusununguko rwakadii kubuda kunze. Zvino, handisi mudzidzisi. Ndiri kure zvakananyanya nekuva mu—muzaruri wezvemuBhaibheri. Uye ndiri...Dzidzo yangu yakaganhurwa kusvika pagiredhi rechinomwe. Saka ndizvo...Uye, kuti, ndakabva kuchikoro angaita makore makumi maviri nemashanu apfuura, saka yave nguva yakareba yandakabva. Uye ini handina kunyanyodzidza, asi zvose zvandinoziva ndizvo izvo zvandinogamuchira kuburikidza nekufemerwa. Zvino kana kufemerwa ikoko kusingaenderane neBhaibheri, zvino kwakatsveyama. Maona? Kunofanira kuva muBhaibheri. Zvisinei nekuti kufemerwa kwakadii, kunofanira kuuya...*Heino* nheyo yaMwari. Hapana imwe nheyo yakaiswa kunze kweiYi. Uye zviri iRi, kana zvandataura zvichipesana neiRi, iwe ita mashoko angu ave enhema, nekuti iChi Ichokwadi. Maona? Maona? Zvino kana mutumwa akakuudzai chimwe chinhu chingave chinopesana neiYi, Pauro akati, “Ngaave kwamuri chituko,” kunyangwe mutumwa weChiedza. Zvino, pane zvinhu zvikuru vizhinji. Ini bedzi...zvoga...ndakasarudza mazuva maviri, okuti ndisvitse chidzidzo ichi kuvanhu, aive zero nanhasi, pamisangano yemasikati.

³⁰ Zvino, chikonzero ndakaita izvi, ndechekuti ndimbozviedza zvishoma kuti ndione kuti Mwari vanondibatsira here. Pane chimwe chinhu pamwoyo wangu. Zvino ndizvo, kuti, mushure meMharidzo huru iyi, uye mushure mekunge Mwari pachaVo vasimbisa izvo zvandakataura kuti iChokwadi, muShoko raKe; kubudikidza neShoko raKe, kutanga, uyezve kuburikidza nezviratidzo nezvishamiso. Zvino, ndinofunga, neEvhangeri yeChokwadi kuChechi, ndine mungava, kuna Mwari, kuti ndiunze izvi kuChechi. Ndizvozvo chaizvo. Vakapamuka-

pamuka, mumasangano mazhinji akasiyana-siyana uye nezvikamu zveMapoka awo, kusvikira izvozvo zvakashata. Tose tiri vana vaMwari kana takaberekwa patsva, Izvozvo, maona. Zvino chokwadi cheZvinhu zvacho ndechekuti Mwari anoda isu kuti tizvize izvozvo, kuti tiri vana vaKe.

³¹ Zvino, rangarirai, temberi yaSoromoni yakagurwa ichibva, pasi rose. Zvino hepano pakauya dombo rimwe chete rakamonyoroka nenzira *iyi*, uye rimwe dombo rakamonyoroka nenzira *iyi*, uye rimwe rakachekwa nenzira *iyi*, nerimwe rakachekwa nenzira *iyi*, asi, paanouya pamwe chete, pakanga pasina ruzha rwekucheka kwesaha, kana ruzha rwenyundo, zvinhu zvose zvakaenda panzvimbo yazvo. Mwari ndiye aive Murairidzi waizvozvo.

³² Mwari vane chechi inonzi Assemblies, neimwe church of God, neimwewo *izvi*, neimwewo *izvo*. Zvino, asi kana vose vaungana pamwe chete, vachave boka rimwe chete guru rerudo kuhama, uye Mwari vachaisa, vachaunganidza Chechi iyoyo pamwe chete uye voItora kuenda nayo muchadenga.

³³ Mufananidzo wese une mukurumbira, usati waturikwa muhora yezvigadzirwa zvine hunyanzvi, unofanira kuturikwa, wopfuura nemuhoro yekutsoropodzwa, kutanga. Murume akapenda, gusto, kana kuti, ndiregerereiwo, handigone kudaidza zita rake, akapenda Chirairo Chekupedzisira, zvakadaro, zvakanamatorera hupenyu hwake hwose. Akapenda mufananidzo iwoyo. Akaita anenge makore makumi maviri, kana makore gumi, ndinotenda, pakati pekupenda Kristu naJudhasi. Uye makambocherechedza here, mumutambo uya une mukurumbira, kuti murume mumwe chete akamiririra Kristu, kwapera makore gumi akamiririra Judhasi? Ndizvozvo chaizvo. Akazviita. Makore gumi echivi, kubva kumuimbi mukuru weopera, kutora nzvimbo yaKristu, ndokuuya panzvimbo yaJudhasi. Haufanire kutora makore gumi. Zvinongotora maminiti gumi, zvinoita chinhu chimwe chete kwauri. Zvichashandura hunhu hwako, muchivi. Asi, zvisinei, mufananidzo iwoyo wakapfuura nemuvatsoropodzi vese.

³⁴ Uye ndizvo zvandinofunga pamusoro peChechi yaMwari, boka rakadanwa. Zvakanaka, handirevi izvi kuburikidza nekutsvaka mhosva. Ndakafamba nechikepe makungwa manomwe, uye ndiri parwendo rwangu rwechitatu kupoterera pasi rose, uye vanhu vanoti, “Muumburuki mutsvene! Muumburuki mutsvene!” Uye ndatsvaga pasi rose, asi handisati ndawana muumburuki mutsvene nazvino. Ringori zita iro dhiyahore akaisa pavanhu. Ndizvo zvoga. Hakuna chinhu chakadaro semuumburuki mutsvene. Uye ndine zvinyorwa zveose machechi mazana matanhatu nemakumi matanhatu ane masere akasiyana-siyana aripo, ayo akaita masangano munyika, hakuna kana rimwe ravo rinonzi Vaumburuki Vatsvene. Uye izvozvo zvinobva kuhurumende. Hakuna kana chechi imwe

chete yeVaumburuki Vatsvene yandinoziva. Saka, chaingova chinhu chakatumidzwa zita nadhiyabhore. Asi, zvino, mune zvose izvi, zvinhu zvese izvi, Mwari vakapenda mufananidzo. Zvino imwe nguva machechi madiki akare aya aimbova kunze kuno, vamwe venyu . . .

³⁵ Ndinotarisa varume ava vakachena misoro. Mwanakomana wangu, nezuro; Ndakanga ndiri mukamuri, ndichiverenga, zvino mumwe mushumiri akauya neko achibva ati, “Ndingada kukwazisanawo neruwoko nababa vako.” Ndizvo, mukomana wangu akarerwa pamwe neHama Baxter nevamwe, vanongoti, “Kwete,” ndizvo, nekukurumidza. Ini handifarire izvozvo. Maona? Hazvina mhosva kana ini . . . Chokwadi, handigone kuva muranda wevanhu naMwari, zvekare. Asi ini ndinofunga ndinofarira kukwazisana maoko nehama dzangu. Ndinofarira kuita izvozvo. Pane chimwe chinhu pazviri, ndinofarira kukwazisa maoko e—emushumiri. Kwete mushumiri chete, asi chero mwana waMwari, ndinofarira kuzviita. Ndaisaziva nezvazvo kusvikira mudzimai wangu andiudza nguva yati fambei. Zvakanaka, dai akaudza mushumiri iyeye, “Chimboti mirei zvishoma, vari kumbonamata, zvino—zvino ndichazonzwa zvavaizotaura.” Zvakanaka, izvozvo, zvingadai zviri nani. Saka ndakamuti gadzirisei zvishoma pane izvozvo, kuti asadaro. Maona?

³⁶ Uye saka ichokwadi, haugone kuzonyatsonge uri kunze uko, sezvataurwa nehama nguva yapfuura. Kana ukadaro, zvino kana ave manheru ndi—ndinenge ndaneta, munoona. Vanhu vanotanga kungotaura, uye munhu wese pamwe ane chirwere, uye kana vatanga kutaura nezvazvo, nekukurumidza, Mutumwa waJehovha anenge ari ipapo kuti ataure nezvazvo.

³⁷ Pane mumwe munhu akagara, akatonyatsonditarisa iko zvino, anoziva kuti ichocho ichokwadi, kubva pamaminitsi mashoma apfuura, kana awa nehafu yapfuura. Mumwe mudzimai akagara apo, akanga asingazivi kuti chaiva chii, izvo Mutumwa waJehovha akataura kwaari umwe usiku uye ndokumuudza chimwe chinhu, uye akatadza kuzvinzwisisa. Asi nhasi zvaitika, saka ave kuziva zvino zvazvinoreva apo Ange achitaura naye. Uye kuti, akamira ipapo ndichitaura naye, Mutumwa waJehovha aenda shure chaiko akanomuudza dambudziko rake, uye nezvarakanga riri, ne—nezvaifunga pamusoro pazvo, nemumwe wevadikani vake, uye kuti Mwari akataura sei uye akati Akanga azvisimbisa, uye kuti chii chaizoitika. Saka ndizvo chaizvo zvazvichazove. Maona? Mwari vakange vataura kudaro.

³⁸ Saka, zvino, ko nguva shoma dzakambo . . . Zvino, uye chiratidzo chega-chega chinongokunetesazve zvakanyanya, munoona. Zvino chinhu chekutanga munoziva, paunosvika kuchechi manheru, unenge wakanyatsoneta zvokuti unenge usingachazivi zvokuita. Uye mundinamatirewo zvino, munoona,

nokuti kungobva kune musangano mumwe ndichienda kune mumwe, nekune mumwe. Uyu ndiwo waiva musangano woga, wazvinenge zvakasiyana, dai ndanga ndichienda kumba zvino uye ndisingaite chero chinhu kwemwedzi yakati kuti, ndobuda kunze uye ndотора chiredzo changu zvino ndoenda kunoredza. Asi ndinofanira kuenda ndichibva pane mumwe musangano ndichienda pane mumwe, kubva pane mumwe ndichibva ndangoenda kune mumwe, munoono. Ndizvo zvinozviita.

³⁹ Zvino imi mose munamate, imi vanhu vari kuno muno muungano. Vakandiudza husiku hwapfuura kuti ini—kuti ini ndakange ndichitaura nemumwe munhu, zvino munhu wacho haana kudaira pakudanwa. Zvino, zvine njodzi kwazvo, munoono. Pavakazviturea...Zvakanaka, dzimwe nguva zviyedza izvi hazvipenye, pane nzvimbo ine rima nechepakati apo.

⁴⁰ Uye ndinotarisa Mutumwa waJehovha paanenge Akamira pano, ndinogona kuzvinzwa. Ipapo ndinozvinzwa kuti Afamba kubva pandiri, zvino ndinotarisa, Anobva pandiri uye Ozoenda pane imwe nzvimbo zvino omira ipapo zvisihoma, uye ndinogona kuMuona. Zvino Anopenya ipapo zvino pobva pava nechiratidzo. Ipapo ndinoona chiratidzo. Ndotarisa kuti munhu akaita sei ari ipapo. Ndinowana munhu wacho, ndobva ndataura. Ndizvo zvinotora nzvimbo. Ndizvo zvinoitika. Haufanire kuudza munhu wese izvozvo, asi ndizvo—ndizvo zvinotora nzvimbo, munoono. Zvese zviri muchiyero chemweya.

⁴¹ Zvino kana munhu iyeye akasaira, zvinoita sekuverenga Bhaibheri pano uye uchiti, “Hapana chinhu Pazviri,” wofamba uchibva paRiri. Maona? Saka izvozvo zvinoita kuti zvive zvakaipa kwazvo. Saka iva wakachangamuka, iva uchiteerera, iva wakatarisa. PaAnotaura, pindura. Maona, iva wakagadzirira kupindura chero nguva ipi zvayo.

⁴² Zvino mudzimai wangu, neHama Beeler uye nevashinji vavo, mangwanani ano, vange vachindiudza nezvazvo, kuti ange achidaidza murume uyu zvakanangana nemukoma wake, kumwe kunhu, anga aine chimwe chinhu chakatsveyama paari, uye nezvimwe zvakadaro. Zvino murume wacho haana kudavira paashevedzwa, saka izvozvo hazvigone kubatsirwa. Izvozvo zviri pakati paMwari nemurume wacho. Chiratidzo chakandisiya. Ipapo handina kuzochiwana zvakare, nokuti haana kupindura. Saka, ingei makatarisa, ivai makachangamuka.

⁴³ Zvino tichitora chidzidzo ichi *cheZvemadhimoni* uye nokutaura pamusoro pemadhimoni. Zvino, vanhu, paunoti “dhimoni,” nekukasika vanotanga kufunga, “Oo, kumwe kupengereka kana zvakadaro!” Asi madhimoni angori emazvirokwazvo sezvakangoita Ngirozi. Angori emazvirokwazvo.

⁴⁴ Uye dhiyabhore angori zvezmazvirokwazvo dhimoni, saJesu Kristu ari Mwanakomana waMwari. Iye idhimoni! Denga rinongoriwo remazvirokwazvo. Zvino kana kusina chinhu chinonzi gehena, hakunawo chinhu chinonzi Denga. Uye kana pasina Ziendanakuenda rakaropafadzwa... Kurangwa kwemuna Ziendanakuenda, waro, hakuna Ziendanakuenda rakaropafadzwa. Kana pasina zuva, hapana usiku. Maona? Asi sekuva nechokwadi chokuti kune zuva, kune usiku. Se—sekuva nechokwadi chekuti kune—sekuva nechokwadi chekuti kune Mukristu, panosungirwa kuva nemunyengeri. Sekuva nechokwadi chekuti pane mumwe munhu ari wechokwadi anobva kuna Mwari, pane mumwe munhu anotevedzera izvozvo. Maona? Ndizvozvo chaizvo zvinhu zvinopesana, chitema nechichena, zvichidzika nemuhupenyu pazvinhu zvose, chokwadi nenhema kwese-kwese. Zvekare kune evhangeri yenhema, kune Evhangeri yechokwadi. Kune Rubhabhatidzo rwechokwadi, kune rubhabhatidzo rwenhema. Pane kwekabanga, uye kune kwechokwadi. Pane dhora rekuAmerica rechokwadi, pane dhora rekuAmerica renhema. Kune Mukristu chaiye, kune munyengeri chaiye, maona, ari kungotevedzera. Saka unowana izvozvo, saka zvese zvinoenda pamwe chete. Zvino, hatigone kuzvipatsanura. Mwari anoregedza mvura ichinaya.

⁴⁵ Dai Anditendera kuti nditaure pano zvishoma. Pane vaparidzi vangani pano, simudzai maoko enyu. Kumativi ose, vaparidzi, ngationei maoko enyu. Zvakana, Mwari vakuropafadzei, hama. Zvino, zvino, hamutore izvi sedzidziso zvino, asi, tisati tasvika pachidzidzo ichi chakakosha, ini ndinokuudzai imi. Vangani vanhu vechiPentekosti vari pano? Simudzai maoko enyu, kumativi ese kwese-kwese. Zvakana, mose muri maPentekosti. Zvese zvakarungana. Ndichakuudzai zvandaiva nazvo pandakatanga kuuya munharaunda yenyu, chikwata chenyu.

Ini ndakanga ndiri kumusoro kuno muIndiana, pane imwe nzvimbo inonzi Mishawaka. Boka rekutanga revanhu vechiPentekosti randakatanga kuona, vaidaidzwa kunzi ve—vePentecostal Assemblies of Jesus Christ, ndinotenda, kana chimwe chinhu chakadaro, boka revanhu vakanaka. Zvino ivo vakaita sangano pamwe chete uye vakavatumidza kuti United Pentecost. Vakakwachuka kubva kune vamwe vese, nokuda kwenyaya yerubhabhatidzo rwemumvura. Izvozvo hazvivaite vanyengeri. Mune Makristu akawanda echokwadi, ane Mweya Mutsvene chaiwo wechokwadi, akabarwa patsva muzvikwata zvavo. Zvino Mwari akavapa Mweya Mutsvene kubudikidza nekubhabhatidzwa mu “Zita raJesu,” uye akapa vamwe rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vachibhabhatidzwa muna “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Saka, “Mwari anopa Mweya Mutsvene, avo vanoMuteerera,” saka ndiani—ndiani akawana, vakaMuteerera? Hezvoka izvo.

46 Kana mukangokanganwa, uye avo vanoda kuva munzira imwe chete, varege vakadaro, uye imi endererai mberi uye muve hama. Ndizvo zvoga. Regai... Chacho chakazviita, chaivapatsanura, vachikwachuka. Maona? Chii? Kwaive kuputsa, kubvarura, kuputsa ukama hwehama, kuenda kunze nekuzvipatsanura pachenyu. Kwete, changamire, hatina kupatsanuka, tiri vamwe. Ndizvozvo chaizvo.

47 Asi pandakanga ndakamira ipapo, ndakanga ndichitarisa vanhu ivavo. Zvino, ini, ndakange ndichangobva muchechi diki yamazuva ose yeSouthern Baptist, handiti, ndaiona kuna vanhu ivavo, ndakaenda imomo zvino vaiombera maoko avo, vachidanidzira, “Mumwe wavo, mumwe wavo, ndinofara kuti ndinoti ndiri mumwe wavo!”

48 Ndakafunga, “Ini zvangu! Fiyuu!” Chinhu chekutanga unoziva, hepano ndokuuya mumwe munhu zasi uko, achitamba nekukwanisa kwose kwaigona nako kutamba. “Xu-xu-xu-xu-xu,” ndakafunga, “itsika dzemuhechi dzakadini! Ini handina kumbobvira ndakambonzwa zvinhu zvakadaro.” Ndakaramba ndakavatarisa, kwese-kwese. Ndakashamisika, “Saka, chiiko chaizvo chinonetsa vanhu ava?”

49 Zvino, makandinzwa ndichitaura nhorooondo yehupenyu hwangu, pandakasvika pamusangano iwoyo. Asi ichi ndicho chinhu chimwe chete chandisati ndambotaura, handisati ndambozvitaura kumashure, paruzhinji. Saka ivo... Zvino, kana uchida kuzvidzima kubva parekodha yako, chaizvo, unogona kudaro. Zvakanaka. Zvino, mune izvi ndakatarisa, uye zvino ndakafunga, “Saka, vanhu ava ndivo vanhu vanofarisisa vandati ndamboona muhupenyu hwangu.” Vakanga vasinganyare nechinamoto chavo. Isu maBaptisti tinomboti nyarei zvishoma, apa neapo, munoziva. Maona? Zvino pavanoenda kunonamata, munoziva, vanoenda seri kwechifefedzo, munoziva. Uye—uye, asi isu... Asi vanhu ava vaisadaro, hama, ivo—ivo vaive nechinamoto pose mukati, kunze, uye nepose pavari.

50 Zvakanaka, ndinorangarira husiku ihwohwo pandakaenda papuratifomu. Zvikanzi, “Vese vaparidzi vauye papuratifomu.” Yaiva konivhenisheni. Vaifanira kuva nayo kumusoro kuno Kuchamhembe, nekuda kwe—nekuda kwedambudziko rerusaruraganda, mutemo weJim Crow weKumawodzanyemba. Saka vose vakasangana ikoko kubva kwese-kwese. Saka, ndakanga ndakagara kumusoro ikoko. Zvino akati... Zvakanaka, zvino pane... ndakanzwa vaparidzi vose zuva rose iroro nehusiku ihwohwo. Vakati umwe muparidzi wakare, aiva murume mutana wechitema akabuda, aine kadenderedzwa kadiki kevhudzi mumusoro wake, *kudai*, akapfeka jasi hombe rakare revaparidzi rine muswe, munoziva, kora yevherivheti, uye kunze kwaipisa. Muchinda wakare anonzwa tsitsi akabuda *seizvi*. Iye akati, “Vana vangu vanodikanwa,” akati, “Ndinoda

kukuudzai,” akatanga kupupura. Ini ndakange ndiri anenge ndiye mudiki pane vese vakagara papuratifomu. Saka zvino akati, “ndinokuudzai!” Akatora musoro wenyaya yake kubva muna Jobho, “Wakanga uripi pandakateya nheyo dzenyika? Ndizivise kwadzakarovererwa.”

⁵¹ Vamwe vaparidzi vese ava vainge vachiparidza nezvaKristu, vari mugwara ramazuva ose. Ndakavateerera, ndikanakidzwa navo. Asi kwete mukomana wakare iyeye! Akadzokera kumashure uko kungaita zviuru gumi zve makore nyika isati yambotanga. Akakwira kumusoro kuMatenga uye akadzika zasi ndokupinda nemudenga, kuti chii chaitora nzvimbo. Zvavange vachiparidza nezvazo, zvichienda zvakadaro, munguva dzemasikati; ainge achiparidza nezve izvo zvakange zvichiitika Kudenga. Akaunza Kristu pamuraraungu wakachinjika, seri uko kune imwe nzvimbo muna Ziendanakuenda. Chaizvo, akanga asati atomboparidza kwemaminitsi anokwana mashanu kusvikira mutana wekare uyu, Chimwe chinhu chakamubata. Akasvetukira mumhepo uye akarovanisa zvitsitsinho zvake pamwe chete, akadanidzira, “Wuupii!” Akanga aine nzvimbo yakawanda seyandinayo pano. Iye akati, “Hamuna nzvimbo yakakwana yekuti ini ndiparidze,” ndokubva aenda.

⁵² Saka, ndakafunga, “Kana izvozvo zviru zvinoita zvakadaro kumurume ane makore makumi masere okuberekwa, ko zvingaiteiwo kwandiri? Ndizvo zvandinoda. Ndizvo zvandinoda.”

⁵³ Asi chakandibata ndeichi. Zvino, tiri kutaura nezvemadhimoni zvino. Chakandibata, ndakatarisa varume vaviri. Mumwe akange akagara kune rumwe rutivi, uye mumwe kune rumwe. Zvino paidonha Mweya, varume ava vaisimuka uye votaure nendimi uye vachidanidzira, uye vocheneruka pamiromo yavo. Zvino ndakafunga, “Oo, ini zvangu, dai ndaigona hangu kuwana izvozvo!” Maona? “Zvinoshamisa zvakadini! Oo, ndizvo...Ini ndinongozvida izvozvo!” Zvakanaka, Ini ndakaenda mumunda wechibage. Uye ndakakuudzai tsananguro yehupenyu hwangu. Makaiverenga mubhuku. Ndakarara husiku hwose. Zvino ndakadzoka mangwanani aitevera, saka ndakafunga kuti regai ndimbozvedza. Ndine nzira yekuita nayo zvinhu yekuti hakuna munhu anoiziva kusara kwangu naMwari. Saka, izvo, ini ndinotora mufananidzo zvino ndoenda kunosangana nemweya wemunhu. Munozviona ipo pano papuratifomu. Maona? Uye saka ipapo ndakatanga kutaura nemumwe wevarume ivavo. Ndiri kuvaona, vaigara pedyo pamwe chete, uye vaingobatana maoko uye vachitamba nekudanidzira. Ndakafunga, “Oo, ini zvangu, zvinoita sezvemazvirokwazvo kwandiri!”

⁵⁴ Zvino ndakabata rimwe remaoko ake. Ndikati, “Makadii, changamire?”

55 Iye akati, “Makadii.” Murume akanaka kwazvo, mhando yemurume akadzikama. Akati. . .

Ndikati, “Muri mushumiri here?”

Iye akati, “Kwete, changamire. Ini ndingori nhengo yekereke.”

56 Zvino ndakatanga kuenderera mberi zvishoma nehurukuro naye kuti ndiedze kubata mweya wake. Maona? Iye akanga asingazive izvozvo. Hapana munhu aizviziva. Handina kumbobvira ndakataura chinhu pamusoro pazvo. Makore shure kwezvo, ndisati ndambotaura nezvazvo. Saka ivo. . . Asi pandakazoziva, zvakava zvechokwadi, zvakangokwana, murume Mukristu! Murume iyeye aiva mutsvene akakwana waMwari. Ndakafunga, “Hama, zvakanaka.”

57 Asi chikamu chinoshamisa, pandakazowana mumwe murume wacho, zvainge zvakasiyana. Iye aive achitorarama nemukadzi asiri mudzimai wake. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndakaona zvichidhonzera kwaari, chiratidzo. Ndikafunga, “Oo, ini zvangu, hazvigone kudaro.” Uye murume wacho. . . Ndakafunga, “Zvino, zvino, mweya uyu uri pakati pevanhu ava hauna kunaka. Ndizvo zvoga zviripo pazviri.”

58 Saka husiku ihwohwo apo. . . ndakaenda kumusangano, uye maropafadzo aidonha, ndainamata kuna Mwari, zvino Mweya Mutsvene, Mutumwa waJehovha ndokupa huchapupu kuti waiva uri Mweya Mutsvene. Zvino Mweya mumwe chete waidonhera pamurume *uyu* waidonhera pamurume *uya*. Uye paidonha Mweya, vose vari vaviri vaisimuka, uye vose vari vaviri vaidanidzira uye vachizhambatata pamwe nekurumbidza Ishe, uye vachitaura nendimi uye vachitamba. Ndakati, “Ini—ini—ini handisi kuzvinzwisisa, Ishe. Izvi. . . Ini handisi kuzviona muBhaibheri, pazvinogona kunge zviri izvo.” Zvino ndakati, “Zvimwe ndakanyengereka.” Maona? Ndikati. . . Zvino, pano, ini—ini handigone. . . Ndiri—ndiri uyo asingarerutse pamaitirwo ezvemuBhaibheri. Zvinofanira kuva iZvi. Maona? Ndikati, “Ishe, Munoziva chinhano changu, uye ndi—ndinofanira kuzviona muShoko reNyu. Zvino ini—ini handisi kuzvinzwisisa. Kana Mweya Mutsvene uchidonhera pamurume *uyu*, Mweya Mutsvene wodonhera pamurume *uyo*, uye mumwe wavo mutsvene uye mumwe wacho munyengeri. Uye ndinoziva kuti ndizvo.” Ndinozviziva. Pasina. . . Ndaigona kutora munhu uyu tobuda ndomuratidza pachena, kana kumuudza pakare ipapo zvino ndomuudza pamusoro pazvo.

59 Sezvandaigona kuita murume uya akange akagara pano husiku hwapfuura, akange asiri chimwe chinhu kunze kwe—kwemunyengeri, kana pakambovapo nemumwe akagara ipapo. Zvino ndaifanira kunge ndakazvitaure, asi iye aigona kusimuka uye otanga kuita nharo. Saka ndakangorega zvakadaro, nokuda kwemusangano, asi ndaimuziva. Hongu, changamire.

Pane mumwe, vaviri vavo, vakagara kumashure uko, umwe usiku, ndeve kune imwe chechi muno muguta. Vatsoropodzi chaivo! Ndakavaona. Asi, kana ukadaro, panotanga dambudziko. Ndakazviita kakawanda. Ndinongovasiya vakadaro, munoono. Zvakanaka. Mwari vanoziva, ndiYe Mutongi. Regai vandidane imwe nguva, uye ipapo muchaona chimwe chinhu chichiitika, munoono, muregei.

Sedhimoni, handina kumbobvira ndataura nezvedhimoni. Rakangouya kwandiri rikandipikisa. Ipapo ndipo apo Mwari vakaenda pabasa, munoono, ndizvozvo, uye makaona zvakaatika. Zvakanaka. Asi ndakangosiya vakadaro. Ndokuita kuti musangano uome, nokuti mweya iwoyo wainge uchifamba uchiuya chaipo pandiri nguva dzose, maona. Uye saka ndakaramba ndichienderera mberi.

⁶⁰ Asi zvino, varume ava, ndakatadza kunzwisisa. Zvino pakange papera makore maviri, kana matatu, pandakanga ndiri kuGreen's Mill, Indiana, kuno, pascout reservation. Ini ndakanga ndadzoka ndiri mubako rekare uko kwandinoenda kunonamata. Uye ndiri ikoko, ndakati, "Ishe, handinzwisise kuti chii chakazoitika kune boka riya revanhu. Vanhu vakanakisa vandakamboti ndasangana navo muhupenyu hwangu, uye handi—ndinzwisise kuti uya ungava sei mweya wakashata. Kana zviri izvo...kana zvakadaro...Munoziva kururama kwemwoyo wangu. Munoziva kuti ndinoKudai sei uye kuti ndakaKushumirai sei. Uye Mweya mumwe chete uri pano, neni, waiva pane vanhu ava. Zvino pano Wakange uri pamuchinda uya, ipapo, zvimwe chete." Saka ndaitadza kunzwisisa.

⁶¹ Zvino Ishe vakaburuka munyasha dzaVo vakandiratidza. Hezvinu zvazvake zviri. Zvinofanira kuva muMagwaro, kutanga. Iye akati "Simudza Bhaibheri rako." Zvino ndakasimudza Bhaibheri rangu. Ndinofungidzira kuti ndakabata Bhaibheri iroro kwemaminitsi gumi pasina mumwe munhu...rimwezve Shoko rakauya. Ndakamirira kwenguva diki-diki. NdakaMunzwa achiti zvekare, "Vhura kuna VaHebheru 6 uye wotanga kuverenga." Zvino ndakadaro. Zvino parindzika zasi uko, paRinoti, "Mvura inouya kazhinji pamusoro penyika kuti iidridze nekuigadzirira, kuishongedza izvo zviri...asi minzwa nerukato, izvo zviri pedyo nekurambwa, iwo magumo azvo kupiswa." Zvino ndakabva ndazvibata pakare ipapo.

Ndakafunga, "Hezvoka izvo. Tinopa kutenda kuna Mwari! Hezvoka izvo." Maona?

⁶² Zvino, Jesu akati, "Mukushi akaenda kundokusha mbeu," Haana here? Zvino, muri Makristu mose pano. Munhu wese asimudza maoko, zvakadaro, maPentekosti, Makristu akabarwa patsva. Zvakanaka. Ivo...Zvino Akati, "Mukushi akaenda, kunokusha mbeu. Zvino akarara..." Zororo rake, rufu, pakati. Maona? "Zvino akarara, muvengi akauya uye akakusha

masawi mumunda iwoyo.” Chii chinonzi masawi? Masora, rukato nezvakadaro. Zvino, “Uye apo muridzi wemunda (muparidzi) paakaona mashawi aya achikura, akati, ‘Regai ndiende kunoadzura.’ Iye akati, ‘Kwete, kwete. Unozodzura negorosi zvakare. Rega zvose zvikure pamwe chete.’”

⁶³ Kune munda wegorosi kunze uko. Kune dasvemutasve, sora remunettle, masawi anonhuwa, nezvimwe zvose zviru imomo. Ndizvozvo here? Asi, zvino, imomo mune gorosi. Zvino, mvura inonaya kazhinji pamusoro penyika, kuidiridzira. Zvino, ko mvura inonaya ndeyei? Kwete kudiridza sora remunettle. Zvino tarisai uye teererai. Kwete kudiridza dasvemutasve. Mvura inotumirwa gorosi, sora remunettle nemasawi anenge angoriwo nenyota segorosi. Uye mvura imwe chete inonaya pagorosi inonaya pamasawi. Zvino shawi duku rakare rinobva ramira rakaswatuka saizvozvo, uye richifara nekupembera, sezvinongoita gorosi diki rinosimuka uye rozvimisa pacharo.

⁶⁴ “Asi nezvibereko zvavo muchavaziva.” Hezvoka izvo. Maona? Zvino, Mweya Mutsvene mumwe chete unogona kuropafadza munyengeri. Izvozvo zvinovhiringa vamwe venyu maArminiani, asi ichocho iChokwadi. Ichochi iChokwadi. Makadzidziswa hutsvene, izvo ndinotenda muhutsvene, zvekare. Asi Mweya mumwe chete, mvura inonaya pane akarurama uye nepane asina kururama, asi nezvibereko zvavo muchavaziva.

⁶⁵ Kana ndikatarisa kunze uye ndoenda kunitora gorosi, ndinowana gorosi, asi masawi ose akasungwa. Anorarama nemvura imwe chete yakanaya kuitira gorosi. Uye mvura haina kutumirwa masawi, yakatumirwa Gorosi. Asi mvura ichiva iri mumunda, gorosi riri. . . masawi ari mumunda wegorosi, anowana kubatsirika kumwe chete kubva kumvura inonaya sezvakaite zvimwe zvese. Uye mvura imwe chete yakaita kuti gorosi rirarame, inoita kuti masawi ararame.

⁶⁶ Zvinhu zvose zvepanyama zvinofananidzira zvepamweya, sezvatiri kudzidzisa. Hezvoka izvi, zvemadhimoni, madhimoni achitevedzera Chikristu, asi zvakadaro, aine maropafadza. Hausi mukaka usina ruwomba, hama, kana uchigona kuzvitora. Maona? Maona? Zvino, ndicho—ndicho Chokwadi.

⁶⁷ Saka, ini handina kuponeswa nhasi nokuti ndinogona kudandizira. Handina kuponeswa nekuti ndinonzwa kunge ndakaponeswa. Ndakaponeswa nokuti ndakazadzisa zvirango zvaMwari zviru muBhaibheri iri. Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye otenda kuna iYe akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haangauyi mukupomerwa, asi apfuura kubva kurufu kuenda kuHupenyu.” Ndinotenda izvozvo. Ndizvozvo. Uye maererano nezvirango izvozvo ndakaponeswa, nokuti Mwari akataura kudaro.

⁶⁸ Kana akandiudza kuti wakaponeswa nokuti mumwe munhu akati, “Mhepo inovhuvhuta nesimba yakandirova kumeso,”

zvakanakisa, asi ndinoda kuziva kuti mhepo iyoyo inovhuvhuta nesimba yakabva kupi isati yandirova kumeso, maona. Zvino, imhandoi yehupenyu hwauchararama mushure mekunge mhepo inovhuvhuta nesimba yakurova? Maona? Munoono, nezvibereko zvako unozivikanwa. Saka, madhimoni anogona kushanda pakati peMakristu. Munozvitenda here izvozvo? Tarisa pana Pauro, Pauro akati. . .

⁶⁹ Zvino apa ndipo apo veLatter-Day Rain. . . Kana paine mumwe wenyu aripo pano, mundiregerere kana ndiri kutaura chero chinhu chinopesana nemi. Handaizotaura zvinopesana nemi kupfuura zvandingaita veAssemblies, kana vamwewo, maBaptisti, kana chero ani zvake. Chiri Chokwadi ndicho Chokwadi. Pamakarasika, ndeapa: muri kuita vaporofita kubva kune varume ava nezvakadaro vasiri vaporofita. Vaporofita hava “turikwe maoko” uye votumirwa kunze. Vaporofita vanoberekwa. Maona? Mubhaibheri, mune *chipo* chekuporofita. Apa ndipo pamakakanganisa, pakati pechipo chekuporofita nemuporofita. Chipo. . .

⁷⁰ “Mwari, munguva dzakare nenzira dzakasiyana-siyana vakataura kumadzibaba nemuvaporofita, mumazuva ano ekupedzisira kubudikidza neMwanakomana waKe, Kristu Jesu.” Uye Mutumbi waKristu une zvipo zvipfumbamwe zvemweya zvinoshanda mauri. Uye zvinogona kunge zviri pamudzimai *uyu* manheru ano, chiporofita, chinogona kusazodzokazve mhupenyu hwake hwese. Chinogona kunge chiri pamudzimai *uyu* husiku hunotevera. Chinogona kuva pamurume *uyu* nguva inotevera. Pamwe pane *uyo* ari kumashure uko, nguva inotevera. Izvozvo hazvimuite muporofita, hazviite kuti munhu ave muprofito. Chipo chechiporofita mauri.

⁷¹ Zvino murume *uyu* kana kuti chiporofita ichi chisati chapihwa kuchechi, chinofanira kutanga chatongwa pamberi pevatongi vari vemweya vaviri kana vatatu. Ndizvozvo here? Maererano, zvino, Pauro akati, “Imi mose munogona kuporofita, mumwe achiteverwa nemumwe.” Kana chimwe chinhu chazarurwa kune *uyu*, regai *uyo* anyarare. Zvakanaka, izvozvo zvinoita kuti boka rose rive vaporofita zvino, maererano nedzidziso yanhasi. Kwete, chechi yePentekosti, tine zvinhu zvose zvakavhiringika. Uye ndicho chikonzero Mwari vasingagone kupinda, kusvikira chinhu ichocho chaswatanudzwa uye chichienderana neBhaibheri. Ndizvozvo. Unofanira kuwana nzira chaiyo. Ko iwe uchavaka sei imba usingatarse papurani? Maona? Unofanira kutanga zvakanaka.

⁷² Zvino, imomo, muporofita, hauna kumbobvira wakaona chero munhu akamira pamberi paIsaya, Mosesi. Mumwe chete akamira, Kora, rimwe zuva, uye akaedza kuita gakava naye, zvino Mwari akati, “Zvipatsanure, ndichazarura nyika uye. . .” Muporofita anotobarwa. “Zvipo nekudanwa. . . -nei nekutendeuka.” Ndiko kufanogadza kwaMwari, kubva

pahucheche zvichikwira. Zvinhu zvose zvainyatsoenderana, chaizvo zvaakatura chaive chokwadi uye chikasimbiswa uye chikaburitswa. IShoko raMwari, rinouya kumuporofita. Asi chipo chekuporofita chiri muchechi.

⁷³ Zvino iwe wakati, “Zvakanaka, vaporofita ndeve kuTestamende Yakare.” O, kwete! Testamende Itsva yaiva nevaporofita.

⁷⁴ Agabho aiva mu—muporofita wemuTestamende Itsva. Tarisa Mweya wechiporofita uchidonhera paye uye uchiudza Pauro pamusoro pazvo. Ipapo hepapo ndokuuya Agabho achibva zasi kuJerusarema, akawana Pauro, akamusunga nebhanhire rake paari, akatendeuka ndokuti, “ZVANZI NAJEHOVHA, murume ange akapfeka izvi achasungwa nengetani kana asvika kuJerusarema.” Agabho, uyo akasimuka akatura, akafanotaura zvaizoitika, aiva muporofita, kwete munhu ane chipo chekuporofita.

⁷⁵ Uye chipo chekupodza nezvimwe zvipo zvose, shamwari yangu yechiPentekosti, iwe wakazvivingidza. Zvipo zviri muchechi, zviri pasi pechero munhu ari muchechi, ani zvake akabhabhatidzwa muMutumbi. “Nemweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mauri.” Uye Bhaibheri rakati. . .

“Zvakanaka, ndine chipo chekupodza vanorwara.”

⁷⁶ Zvakanaka, Bhaibheri rakati, “Reururiranai zvivi zvenyu mumwe kune mumwe, uye munyengetererane.” Munhu wese anyengeterere mumwe. Hatisi boka rakapatsanuka; isu tiri pamwe chete, boka rakaungana. Maona?

Zvino, uye ndiwo mashandiro anoita madhimoni dzimwe nguva.

⁷⁷ Zvino tarisai zvakaturwa naPauro, “Kana mumwe akatura nendimi uye mumwe wodudzira, uye chero zvaatura, ngazvitongwe chechi isati—isati yazvigamuchira.”

⁷⁸ Zvino, hakuzongove kudzokorora Gwaro, kana chimwewo chinhu chakadaro. Mwari havazvidzokorore paChavo. Asi inenge iri yambiro kucheche. Ipapo kana vatongi vanogona vakati, “Ngatizvigamuchirei. Zvakanaka, zvange zviri zvaShe.” Wechipiri oti, “Ngatizvigamuchirei.” Mumuromo wezvapupu zviviri kana zvitatu, regai shoko rimwe nerimwe risimbiswe. Ipapo chechi inorigamuchira uye yoenda kunozvigadzirira. Kana izvozvo zvikasaitika, zvakaturwa saizvozvo, ipapo mune mweya wakaipa pakati penyu. Ndizvozvo chaizvo. Zvino kana zvikaaitika, ipapo tendai Mwari, iwo Meya waMwari uri pakati penyu. Maona? Zvino, ndipo pamunofanira kutarisisa uye mopangwarira. Saka, usaedza kumanikidza. Handikwanise pachangu kuzviita kuti ndive nemaziso ebhurauni ini ndiine ebhuruu, maona, ndinofanira kugutsikana nemaziso ebhuruu. Zvino, apa ndipo panoshanda madhimoni muchiyero chevanhu vemweya.

⁷⁹ Zvino tine chimwe chinhu chakadzika chiri kuuya pano, uye ndinotarira kuti hachina kunyanyisa kudzika. Zvino kuno muna Samueri Wokutanga 28, ndinoda kuverenga rimwe Gwaro pano panguva ino. Ndinoda kuti muteererese. Uye ndinoda kuunza “madhimoni,” kukuratidzai kuti anoshanda sei muchechi, uye kuti Satani ane chenhema chinofananidzira chose chechokwadi chiripo. Zvino mave kuona, maererano neBhaibheri, kuti madhimoni anouya pakati peMakristu uye anotevedzera.

⁸⁰ Uye nguva zhinji takazivisa vanhu kuva Makristu apo pavakati, “Ndinotenda muna Jesu Kristu.” Handiti, madhimoni anotenda chinhu chimwe chete, uye achidedera. Ichu hachisi chiratidzo chokuti wakaponeswa. Umwe husiku ndichada kutaura nezvekusanangurwa, uye ipapo muchaona kuti ruponeso rwunorevei. Maona? Hachisi chinhu chawanga uine chekuita nezvazvo, kubva pakutanga, kana pakupedzisira, kana kuti hapana chaungaita nezvazvo. Mwari vanoponesa munhu, paisina zviga. Vakomana, izvozvo zvanyura zvakadzika, hazvina here? Zvino, regai ndibve ndangozvibvisa mamuri, apo tichiri pazviri. Zvakanaka.

⁸¹ Abrahama aive mavambo ekutenda kwedu. Ndizvozvo here? Oo, Abrahama aiva nevimbiso. Zvino Mwari akadana Abrahama nokuti aiva munhu mukuru, ndinofungidzira? Kwete, changamire. Akabva zasi kuBhabhironi, mu—munyika yevaKaradhiya, muguta reUri, zvino Mwari vakamudana uye vakaita sungano yaVo naye, isina zviga. “Ndichakuponesa. Uye kwete iwe chete, Abrahama, asi Mbeu yako,” pasina zvirango.

⁸² Mwari akaita sungano nemunhu, zvino munhu ndiye anoputsa sungano yake nguva dzose. Munhu haana kumbobvira akachengeta sungano yake naMwari. Murawo hauna kumbobvira wakachengetwa. Ivo vaisakwanisa kuchengeta murairo. Kristu akauya uye akatyora mutemo, iYe amene, nokuti nyasha dzakange dzatopa Muponesi kare. Mosesi akapa nzira yekupukunyuka, zvino kupukunyuka, waro, uyezve vanhu, mushure maizvozvo, vakanga vachiri kuda chimwe chinhu chavangaita. Munhu anogara achiedza kuita chimwe chinhu kuti azviponese, iwe usingakwanise kuzviita. Hunhu hwake. Paakangoona kuti akanga akashama, mubindu reEdheni, akagadzira maapuroni emashizha emuonde. Ndizvozvo here? Asi akazviona kuti hazvishande. Hapana chinhu chinogona kuitwa nemunhu kuti azviponese. Mwari anokuponesa, pasina zviga, kupfuura zvichidzika nemuzera rose. Uye zvino kana waponeswa, waponeswa.

⁸³ Tarisai kuna Abrahama. Ipapo muchinda uyu paaiva ari, akaenda uko, zvino Mwari vakamupa nyika yeParastina ndokumuudza kuti arege kubva ipapo. MuJudha upi zvake anosiya Parastina akadzokera kumashure. Mwari vakamuudza kuti agare ipapo. Kana Mwari vakakuudza kuti uite chimwe chinhu kana zvakadaro, zvino worega kuchiita, ipapo unenge

wadzokera kumashure. Ndizvozvo here? Zvakanaka, nzara yakauya, kuedza kutenda kwaAbrahama. Zvino kunze kwokuti Abrahama agare ipapo, kwete, haana kukwanisa kugara ipapo, akatiza, uye akatora Sara uye ndokuenda anenge mazana matatu emamaera (ndinoshuva dai ndange ndiine nguva yekuti tipinde mune izvozvo) zasi kune imwe nyika.

⁸⁴ Uye paakadzika zasi ikoko, zvino ipapo akawana mambo mukuru zasi ikoko, Abhimereki. Iye aive muchinda wechidiki uye aitsvaga mudiwa wepamoyo, saka akawana mudzimai waAbrahama, Sara, akawira murudo naye. Zvino Abrahama akati, “Zvino, iwe muudze kuti uri hanzvadzisikana yangu uye ini ndiri hanzvadzikomana yako.”

⁸⁵ Saka izvozvo zvakafadza Abhimereki, saka akati, “Zvakanaka, tichangomutora toenda naye kumuzinda.” Uye ndinofungidzira vakadzi vakanyatsomugadzira-gadzira, uye iye aizomuroora zuva rinotevera.

⁸⁶ Zvino Abhimereki aiva munhu akanaka, munhu akarurama. Zvino husiku ihwohwo, paakanga akarara, Ishe vakazviratidza kwaari uye vakati, “Wakangofanana nemunhu akafa.” Iye akati, “Murume . . . Mukadzi wawakatora uko kuti uroore, mukadzi womumwe murume.” Zvino tarisai. “Mukadzi wemumwe murume.”

⁸⁷ Handiti, akati, “Ishe, Munoziva kururama kwemwoyo wangu,” murume akarurama, mutsvene. “Munoziva kururama kwemwoyo wangu. Murume iyeye akandiudza kuti aiva ‘hanzvadzi’ yake. Uye ko mudzimai haana kundiudza here, pachezvake, kuti aive ‘hanzvadzi yangu?’”

⁸⁸ Akati, Mwari vakati, “Ndinoziva kururama kwemwoyo wako, uye ndicho chikonzero Ndakuira kuti usaNditadzire. Asi uyo muporofita waNgu!” Hareruya!

⁸⁹ Aiva chii? Akadzokera kumashure, uye kamunyepi kadiki, kanonyara. Ndizvo here? Oo, kwete, hapana manyepo madiki asina basa. Dzinofanirwa kunge dzingori nhema dziri pachena kana kuti hadzisi nhema zvachose. Murume akagara kunze uko achitaura nhema dziri pachena, achitaura kuti yaiva “hanzvadzi” yake iye ari mudzimai wake, asingabudi pachena, uye akadzokera kumashure.

⁹⁰ Zvino hepano paiva nemurume akarurama akamira pamberi paMwari, uye akati, “Ishe, Munoziva moyo wangu.”

⁹¹ “Asi haNdisi kuzonzwa munamoto wako, Abhimereki, asi mutore . . . mudzosere uye rega iye akunamatire. Iye muporofita waNgu; Ndichamunzwa.” Hongu, munhu akadzokera kumashure, munyepi, asi, “Ndiye muporofita waNgu.” IChokwadi here? Ndiro Bhaibheri.

⁹² Zvino, usaenda kure neche kuno kurutivi rwechiCalvinisti, “Kana wava munyasha, onogara uri munyasha,” nokuti unozopinda mukunyadziswa. Maona? Zvino, mirai zvishoma,

tichawana nguva vhiki rino yekuunza izvozvo uye nokukuratidzai kuti zvakaenzaniswa sei. Asi usafunga kuti nokuti wangoita chimwe chinhu chakaipa watoenda zvachose. Uri mwana waMwari, wakaberekwa neMweya waMwari, muri vanakomana nevanasikana vaMwari, uye zvibereko zvinozvipupurira pachazvo. Hezvoka izvo.

⁹³ Zvino, hezvino tiri pano, takagara munyika. Zvino, ndinoda kuverenga pano, ndima 6.

Sauro akabvunza JEHOVHA, asi JEHOVHA haana kumupindura, kunyange pakurota, kana neUrimi, kana nemuprofita.

Ipapo Sauro akati kuvaranda vake, Nditsvakirei mukadzi unosvikirwa, ndiende kwaari, ndinomubvunza iye.

Ini ndaigona kunyatsodonongodza chimwe chinhu ipo pano, pakungoti chete. . . “Nditsvagirei mukadzi anosvikirwa.”

. . .Muranda wake akati kwaari, Tarirai, kuno mukadzi anosvikirwa muEndori.

Sauro akazvishandura, akafuka nguwo, dzimwe nguwo, akaenda, vaviri. . .uye nevamwe varume vaviri, vakasvika kumukadzi usiku: uye vakati, ndinokumbira, . . .-ukirewo nomweya unokusvikira, undikwidzire. . .kuno, uyo wandichakuudza.

Mukadzi akati kwaari, Tarira, unoziva zvakaitwa naSauro, unoziva, kuti wakaparadza masvikiro, na. . . vauki, kubva panyika: naizvozvo. . .unoteyereiko hupenyu hwangu, uye undiuraise?

Sauro akapindura, akapika kwaari na JEHOVHA, akati, NaJEHOVHA mupenyu, ive haungavi nemurango uchaitika pauri. . .

Zvino mukadzi akati, Ndokukwidzira. . .aniko? Akati, Ndikwidzire Samueri.

Zvino mukadzi wakati achiona Samueri, akadaniidzira nenzwi guru: zvino mukadzi akataura naSauro, akati, Mandinyengerereiko? nokuti ndimi Sauro.

Mambo akati kwaari, Usatya hako: asi unooneiko? Mukadzi akati Ini. . .kuna Sauro, Ndinoona vanamwari vanokwira vachibuda panyika.

Akati kwaari, Ane chimiro chakadiniko? Uye akati, Kuno mutana unokwira; akafuka nguo. Uye Sam-. . . (Ndiyo nguo yemuporofita, hongu. Maona?). . .akaziva kuti ndiye Samueri, akamira ne. . .uye nechiso chake chakatarisa pasi, akakotama.

Samueri akati kuna Sauro, Wanditambudzirei, uye uchindikwidza? Sauro akapindura, akati, Ndinotambudzika kwazvo; nokuti vaFiristia vanorwa neni, naMwari wabva kwandiri, haachatongondipinduri, kunyange nemuporofita, kana nokurota: naizvozvo ini...ndakudanai imi, kuti mundizivise zvandinofanira kuita.

Zvino Samueri akati, Nei...unondibvunza...ini, mukuona kuti JEHOVHA zvaakabva kwauri, uye—uye akava muvengi wako?

Zvino JEHOVHA wakamuitira, izvo zvaakataura neni: JEHOVHA akabvarura ushe kubva paruoko rwako, akahupa mumwe wokwako iye...Dhavhidhi:

⁹⁴ Zvino, vazhinji venyu, magara munozviziva. Zvino tinoda kupinda mukati chaimo, uye Mwari vatibatsire zvino, kwechinguva chidiki, kuti tipinde mune izvi. Zvino tarisai. Paiva nemurume, Sauro, akambocherechedzwa semuporofita, nokuti akaporofita nevaporofita. Ndizvozvo here, vadzidzisi? Zvino, hepano murume akanga adzokera kumashure. Ndizvozvo here? Asi rangarirai uko Samueri akati aizove, pamwe naye, pazuva rinotevera. Akaenda nguva isati yasvika, munoona. Zvakanaka, kana iwe usingaite zvinodiwa naMwari, Mwari vanokubvisa panyika.

⁹⁵ Tarisai mutsamba yeVaKorinde ipapo, kuti Pauro akaisa sei vanhu ivavo muhurongwa. Iye akati, “Kutanga, ndinotenda Mwari nokuda kwenyu, kuti hapana zvinhu vakadaro pakati penyu, nezvimwe vakadaro, uye kuti—kuti hamuna kushaiwa chero chipo hacho chemweya.” Achivaudza zvavaive, panzvimbo yavo, muna Kristu. Ipapo akatanga kuvatsiura zvakasimba, achivaudza pamusoro pemadzimai avo vaparidzi, uye kuti vaiita sei, uye kuti vaidya sei patafura yaShe.

Uye kunyange mumwe murume airarama zvisakarurama nemumwe mudzimai wababa vake, uye akati kumurume uyu muna Kristu, “Muisi kuna dhiyabhore, kuti nyama yake iparadzwe, kuti mweya wake uponeswe.” Maona, ndizvozvo, muisi. Bhaibheri rakati, “Nekuda kweizvozvo vazhinji vanorwara vasina simba pakati penyu, uye vazhinji vavete,” vakatungamira nguva yavo isati yakwana nekuda kwechivi. Mwari vanokubvisa panyika; chiratidzo chakanaka chekuti wanga uri Mukristu, kana iwe ukatorwa.

⁹⁶ Saka, zvino cherechedzai ipo pano, Sauro akacherechedzwa semumwe wevaporofita, kana pakati pevaporofita, nokuti akaporofita. Uye zvino akanga adzokera kumashure, nokuti haana kuteerera Mwari, uye humambo hwake hwakabvarurwa kubva mumaoko ake zvino hukaiswa muruoko rwaDhavhidhi, uyo Mwari akange azodza kuburikidza naSamueri, nechinu chemafuta.

⁹⁷ Cherechedzai, ipapo, paive nenzira nhatu dzokuziva nadzo zvinhu zvabva kuna Mwari; yekutanga yaiva—yaiva muporofita, yechipiri yaiva chiroto, uye yechitatu yakanga iri Urimi yeTumimi. Uye pane zvose hapana chakapindura. Zvino, munoziva kuti muporofita chii, munoziva kuti chiroto chemweya chii, uye munoziva kuti Urimi neTumimi yaiva chii. Munoziva, rimwe zuva ndakabvunza mumwe—mumwe murume pamusoro peUrimi, zvino murume uyu akatadza kundiudza kuti chaiva chii, iyo Urimi yeTumimi. Nokuti, aiva Mwari aipindura neizvi. Maona?

⁹⁸ Uye dhiyabhore anoita zvenhema zvinotevedzera chimwe nechimwe chazvo; varoyi, vaporofita venhema, uye nevanoshopera. Maona?

Zvino, iyo Urimi yeTumimi yairembera pachipfuva chaAroni, *pano*, zvino Urimi yeTumimi yakafukidza pamusoro pemabwe iwayo. Uye vaiirembenda mutemberi. Uye pavainge vasina chokwadi, vaienda pamberi paMwari, kuwana mhinduro, zvino chiedza chaibva chapenya ipapo paUrimi yeTumimi, izvo, kuti kungave kuda kwaMwari here, kana kwete. Zvino, Urimi yeTumimi payairega kupindura . . . Zvino, ndiyo yaiva mhinduro yakananga kubva kunaMwari.

Zvino, iyo Urimi yeTumimi yanhasi; mufemberi akatora bhora rekristari, kutevedzera Izvozvo; chinhu chenhema. Mwari vari muhutatu; masimba aMwari ari muhutatu. Uyezve dhiyabhore ari muhutatu, masimba ake ari muhutatu. Uye ndinogona kuzviratidza neBhaibheri. Uye iyoyo Urimi yeTumimi; yaingova bhora rekristari iro rinoshandiswa nadhiyabhore nhasi. Uye muporofita wenhema wanhasi, uyo watiinaye iko zvino, aiva . . . Kana kuti, muroyi, kana muuki kunze uko, akatora nzvimbo yemuporofita, kurutivi rwadhiyabhore. Munoono here zvandiri kureva?

⁹⁹ Zvino, ipapo, iyo Urimi neTumimi nhasi iBhaibheri. Kana mumwe munhu akapa chiporofita kana chiroto, uye zvisingaenderane kana kutaura sekutaura kweBhaibheri raMwari, ndezvenhema. Musazvitende.

¹⁰⁰ Mumwe murume akauya kwandiri kwete kare, kubva kuIndia, uko kwandiri kugadzirira kuenda, muparidzi mudiki akanaka. Akati, “Hama Branham, ndauya pano.” Akati, “Mumwe mukadzi aiva neMweya Mutsvene, zvino,” akati, “aingori mukadzi anotapirisa, akanakisa.” Iye akati, “Zvino akange akaroorwa kanokwana kuita kana, uye aigara nemurume wake wechina. Zvino ndikati, ‘Zvakanaka, ko zvingaitika sei, Ishe?’” Uye akati, “Ndakaenda kwaAri uye ndikati, ‘Oo, mbiri kuna Mwari!’ Akati, ‘Hareruya! Ishe ngaVarumbidzwe!’” Angori mumwe wemhando iyoyo, munoziva. “Akati, ‘Hareruya! Ishe ngaVarumbidzwe!’” Akati, “Ishe vakandiudza, ‘Pano, ndichakupai chiroto.’” Uye akati, “Ndakarota mudzimai wangu, ndakamuona achirarama muhupombwe. Uye akadzoka

kwandiri zvino akati, ‘Oo, ungandiregererawo here, Victor? Ungandiregererawo here? Handina...’ ‘Saka,’ ndakati, ‘chokwadi, ndichakuregerera uye ndokutora udzoke.’” Iye akati, “Zvino, ndizvo zvandakaita.” Akati, “Maona, ndokuregerera.”

¹⁰¹ Ndikati, “Victor, chiroto chako changa chakanaka chaizvo, asi dhiyabhore akachipa kwauri.”

Iye akati, “Sei?”

¹⁰² Ndikati, “Hazvipindirane neShoko raMwari. Ari kurarama muhupombwe. Zvemazvirokwazvo. Haagone kurarama nevarume vana. Ndizvo. Akasiya iyeye odzokera kune wekutanga, anobva atonyanya kuipa kupfuura zvaakange ari pakutanga. Anofanira kurarama ari ega, hupenyu hwake hwose.” Ndikati, “Iwe unoziva izvozvo hazvipindirane neShoko raMwari. Saka mudzimai...Chiroto chako change chiri chenhema.” Ndikati, “Hachisi kuenderana neiRi.”

¹⁰³ Uye muporofita aiti kana apa chiporofita, uye votaura, zvino voda kuona kana chiporofita ichocho chaiva chechokwadi, vaichiisa pamberi peUrими yeTumimi. Zvino kana Izwi raMwari rikakandira zvienda paUrими yeTumimi, zvino chaive Chokwadi, zvemazvirokwazvo. Zvino paiti kana munhu akapa dudziro, akapa chiroto, akapa chimwe chinhu chemuBhaibheri, uye, kana chimwewo chinhu, uye chisingaenderani neBhaibheri raMwari, ndechenhema. Iyo ndiyo Urimi yeTumimi yanhasi. Shoko raMwari rinotaura, uye ndiro Izwi raMwari chaira rakanga, sezvaive Urimi yeTumimi Bhaibheri risati ranyorwa. Amen! Hareruya! Ndinonzwa sokuuta manyakunyuku okunamata ikozvino. Musanditore semupengereki, kana mukadaro. Ndinoziva, ndinoziva pandiri. Handisi kufarisa. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁴ Hechino Chokwadi, Shoko raMwari! Handina basa kuti wakarota hope dzakadii, kana kuti chiporofita rudzii chawakapa, kana zvisiri Shoko raMwari, zvakatsveyama, kana zvisingaenderane neShoko iroro. Ndiro dambudziko nhasi. Mumwe ane chiroto, mumwe ane chiratidzo, mumwe ane ndimi, mumwe ane chizaruro; zvaita kuti zvose zvingokanganisika nezvimwe zvose, mave nemasangano uye mapamura zvinhu zvese. Munofanirwa kuzvidzosera kunheyo yekupedzisira, uye ndiro Shoko raMwari. Ichokwadi.

¹⁰⁵ Machechi akavakirwa pane zvimwe, akati, “Oo, Jesu ari kuuya ari pabhiza jena. Ndinoziva. NdakaMuona muchiratidzo.” Ivo vanoita chechi yemhando yakadaro. “Oo, hareruya! Ari kuuya ari pagore.” Ivo vanoitawo iri yemhando yakadaro. Ndokuvapamura, uye nokupatsanura, uye vachidaidzana kuti “chikwere chemagora,” kana kuti “nzvimbo yeinda,” uye nezvimwe zvose zvakadaro. Sei, hama, zvinobva zvaratidza, pakutanga, mwoyo wako hauna kumira zvakanaka pamberi paMwari paunoita izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Tiri hama.

Tinofanira kubatana mumwe nemumwe. Tinoda mumwe nemumwe.

¹⁰⁶ Zvino tarisai. Sauro akanga adzokera kumashure, zvino akaenda kumusoro. Iye, Mwari, akange afuratira chiso chaKe kubva kwaari. Zvino akaenda kumusoro uye akanobvunzira kuvaporofita. Vaporofita vakaenda uye vakaedza kuporofita, zvino Mwari akagura, haana kupa chiratidzo. Muporofita akabuda, akati, “Handikwanise. Kwete. Haana kumbobvira andiudza chinhu pamusoro pako.”

¹⁰⁷ Zvakana, ipapo iye akati, “Ishe, ndipei chiroto.” Husiku mushure mehusiku, hapana chiroto chakauya.

¹⁰⁸ Ipapo anopinda muUrimi yeTumimi, uye akati, “O Mwari! Ndaedza vaporofita, ndaedza zviroti, zvino iMi ndibatsirei. Mungazviitawo here?” Ndokuigura, hapana Chiedza chakabaka zvachose.

¹⁰⁹ Ipapo akaguma aenda kumuroi, akaderera, akazvidzika. Uye akaenda kwaari, akakambaira achipinda imomo akazvivanza. Zvino muroyi uyu anoenda zvino ondodana mweya waSamueri.

¹¹⁰ Zvino, ndinoziva zvamuri kufunga. Vazhinji vakati, “Uyo akanga asiri Samueri.” Asi Bhaibheri rakati aiva Samueri, uye aive ari Samueri. Zvinoshamisa kuti unozvibata sei izvozvo, handizvo here? Asi uyu aive ari Samueri. Bhaibheri rakati aive ari iye.

¹¹¹ Zvino muroyi uyu aigona kumudana, zvino akadana Samueri. Zvino Samueri aiva kune imwe nzvimbo, asi akanga achiziva zvakanga zvichiitika, uye akange achakamira nenguwo yemuporofita paari. Saka, hama, kana wafa, hauna kufa, uri kurarama kune imwe nzvimbo, imwewo nzvimbo.

¹¹² Regai ndimire kwekanguva, kuti nditsanangure zvemadhimoni izvi zvisomanana. Aiva dhimoni, asi aiva akabatana zviri pedyosa nenyika yemweya. Zvino, nhasi, kune vazhinji vezvemweya-mweya vanonyatsoziva zvakawanda pamusoro penyika yezvemweya kudarika vanhu vanozviti ivo pachavo Makristu, asi ari dhimoni. Munguva dzeBhaibheri zvaiva zvimwe chete.

¹¹³ Jesu paaive pano panyika, paivapo nemaprofesa nevakadzidza nevadzidzisi, vamwe vepamusoro-soro vaivapo, vachibva mumaseminari ari nani kupfuura atingagona kuburitsa nhasi. Uye varume vatsvene, vane mukurumbira, vaifanira kuva saizvozvo. Kana muRevhi akawanika, aifanira kuva asina chipomerwa, akarurama muna zvo. Asi zvakadaro murume iyeye aisaziva nezvaMwari sekusaziva kungaita tsuro pamusoro pezveshangu dzemuchando. Jesu paakauya, akatadza kuMucherechedza, uye akadana Jesu kuti “dhiyabhore.” Iye akati, “NdiBherizebhabhu, muchinda wadhiyabhore.” Ndizvozvo here?

¹¹⁴ Zvino hepano ndokuuya dhimoni remhando yepasi-pasi, raive rakasunga murume kunze uko kumakuva, nezvimwe zvese, uye akadanidzira. Iye dhiyabhore pachake akati, “Tinoziva kuti Ndiwe Ani. Uri Mwanakomana waMwari, Iye Mutsvene.” Ndizvo here? Varoyi nevanagodobori, madhimoni, akaMucherechedza kuve Mwanakomana waMwari; apo vaparidzi vakadzidza, vedzidzo yebhaibheri yekuseminari vakaMucherechedza kuti ndiBherizebhabhu. Ndeupi aitura zvakafanira, dhiyabhore kana muparidzi? Dhiyabhore akareva kwazvo. Uye, hama, hazvina kushanduka zvakanyanyisa nhasi. Havacherechedze simba raMwari.

¹¹⁵ Hazvina basa kuti wakadzidza zvakadini, unogona kunyatsozvizadza izvozvo mauri. Mwari havasi mumashoko makuru. Mwari vari mumwoyo wakatendeka. Unogona kumira pano, wotaura mashoko makuru, zvekuti handizivi kuti chii, izvozvo hazvikuunze pedyo naMwari. Unogona kumira uye wodzidzira kudzokorora mharidzo yako nekutaura zvinhu izvi, izvozvo hazvikuswededze pedyo naMwari. Unogona kudzidza duramazwi kusvikira unorara naro, uye zvakadaro hazvikuswededze pedyo naMwari. Mwoyo wakazvininipisa, unozviisa pasi, muhunyoro, ndizvo zvinokuunza kuna Mwari. Uye ichocho ichokwadi. Ameni! Mwoyo wakazvininipisa, Mwari anouda. Zvino, zvisinei kuti hauzive maABC ako, izvozvo hazviite musiyano. Moyo wakangozvininipisa! Mwari vanogara mumwoyo wakazvininipisa; kwete mudzidzo, hazvisi muzvikoro, hazvisi mudzidzo yebhaibheri, maseminari, kwete mune dzimwe nzvimbo dzose dzakasiyana-siyana; kwete mumashoko makuru, kana kwete munzvimbo dzakaisvonaka. Mwari vanogara mumwoyo wemunhu. Uye paunoramba uchizvininipisa, uchinyanya kuita munyoro, unogona kuramba uchiva mukuru pamberi paMwari.

¹¹⁶ Regai ndikupei chimwe chinhu. Ndaona minda yenyu yakazara negorosi kunze kuno. Musoro wakazara negorosi unogara wakakotama. Kabukira kadiki kasina chinhu kanongosimudza musoro, kachingopepereka kunge kanoziva zvose, hakana chakainacho mumusoro. Ndizvo zvazviri nemachinda akawanda aya anofunga kuti ane zvakawanda mumusoro mavo, asi hazvo, hamuna chinhu mumwoyo yavo. Musoro mutsvene unokotamira kune Simba, uchicherechedza Jesu Kristu seMwanakomana waMwari, uye wotenda mabasa aKe.

¹¹⁷ “Uye ndiYe mumwe chete, zuro.” Oo, vanoMucherechedza, chokwadi, nenzira yenhorondo. Asi hachisi chinhu chenhoroondo. Vanhu vanosimuka uye voti, “Oo, ndinotenda Pentekosti, pavakava nekudururwa kukuru uye nezvinhu zvakadaro,” vopenda moto. Munhu ari kugwamba nechando haagone kudziirwa nemoto wakapendwa. Moto wakapendwa haudziise. Ndizvo zvavaive. Chii chazviri nhasi, kana Ari

mumwe chete zero, nhasi nekusingaperi? Moto wakapendwa. Mumwe muchinda ari kutonhorwa zvokusvika pakuda kufa, anoti, “Tarisa uone moto mukuru wavaive nawo.” Sei, izvozvo hazvikuite kuti udziirwe.

¹¹⁸ Zvavakaita paPentekosti, izvo zvavaive nazvo muTestamende yekutanga, tinazvo nhasi! Uye Mwari paanongokwanisa kuti chinhu ichocho chigadziriswe, uye Chechi youngana pamwe chete, Kubvutwa kunobva kwauya. Asi isu hatigone kuwana kutenda kwekupodza kwaMwari, ko kuzoti kweKubvutwa, nokuti tose takavhiringika, mumwe nenzira *iyi* uye mumwe nenzira *iyi*. “Chiremba *Nhingi-nhingi* akati Zvaiva *izvi*. Zvakanaka, muparidzi wangu akati Aiva *Izvi*.”

¹¹⁹ Nguva yapfuura, mumwe mudzimai akati, “Angori wenhema.” Akati, “Muprisita wangu akandiudza kudaro.” Ndinoshuva kuti dai muprisita wake aikwanisa kuuya pano kamwe chete, taizoono kuti ndiani aive wenhema. Hongu. Tichaona kuti ndiani wenhema. Huya uzviedze.

¹²⁰ Pano kasiri kare kwazvo, kuHarlingen, Texas, takanga tiine shumiro ikoko. Zvino vaiva nezviratidzo zvikuru, pose zvapo pamotokari dzavo husiku ihwohwo ipapo pandakaenda ikoko, vakati FBI yaivepo kuti vandifumure kuti ndiri wenhema. Saka pane musikana muduku akanga apodzwa kuTexas pane imwe nzvimbo. Aive kumusoro-soro, uye, ini—ini ndinofungidzira, kungaita mamaira anokwana chiuru, kumusoro pedyo neche kuPanhandle. Uye uku kwaiva zasi muHarlingen, zasi pamuganhu. Hama Baxter vakauya, vakati, “Hama Branham,” vakati, “hamusati makamboona nyonganyonga iri zasi uko, vanhu vanenge zviuru zvina kana zvishanu.” Uye akati, “Uye ipapo, kumativi ose, iyo FBI ichakubatai papuratifomu manheru ano, igokufumurai.”

Ndikati, “Zvakanaka, ndinofara chaizvo nazvo.”

¹²¹ Akati, “Munoziva musikana muduku uya akapodzwa humwe husiku?”

¹²² Ndakanga ndichiuya kumba pandaibva...ndokupinda mukamuri yangu. Ndakanzwa chimwe chinhu chichichema, zvino ndakatarisa-tarisa. Ndakafunga kuti pane mumwe munhu arwiswa. Aiva musikana. Zvino ndakatarisa kumashure. Ndikati...Zvino ndakadzokera shure, ndikati, “Chii chanetsa, Amai?” Zvino vaiva vasikana vaviri vaduku vaive vakamira ipapo, vangangoita makore gumi nemanomwe, gumi nemasere okuberekwa, mumwe nemumwe, maoko avo akambundirana mumwe nemumwe, vachichema.

¹²³ Vakati, “Hama Branham!” Ndakaziva ipapo kuti vakandiziva. Akati, “Isu, ini ndauya naye nzira yose zasi kuno.” Akati, “Iye anofanira kuenda kunzvimbo inochengeterwa vanopenga.” Zvino musikana muduku aiva mumusanganano wangu uko kuLubbock, Texas. Uye akati, “Ndakaziva kuti

ndikangosvika naye zasi kuno uye momunamatira, ndinotenda kuti Mwari vanomupodza.”

¹²⁴ Zvakanaka, ndakafunga, “Kutenda kwakadii!” Zvino ndakati, “Zvakanaka, zvino, hanzvadzi, mungauya navo here...” Zvino ipapo ndakati, “Iwe wauya zasi kuno uri mumotokari yerudzi rweyero, hauna here?”

Akati, “Hongu!”

Uye ini ndikati, “Mai vako chirema zvekusakwanisa kuzvibatsira.”

Akati, “Ndizvozvo.”

Ndikati, “Iwe uri nhengo yekuchechi yeMethodisti.”

Iye akati, “Ndicho chokwadi chaicho.”

¹²⁵ Zvino ndikati, “Pamange muchiuya, mapotsa mapidiguka. Iwe nemusikana uyu mange muchiseka pamakasvika pedyo nepaiva nehafu yesimendi nehafu yetara, uye mange muchichaya kona.”

Iye akati, “Hama Branham, ichocho ichokwadi!”

Ini ndakati, “Zvino, ZVANZI NAJEHOVHA, musikana apodzwa.”

¹²⁶ Zuva raitevera akange ari moto-moto muguta, achiudza munhu wese, achitenderera mariri. Nokuti, vakanga vasingamuzivi ikoko, kuti akambove muchinhano ichocho kana kuti kwete. Uye ipapo zuva iroro ini... Hama Baxter vakati, “Hama Branham,” akati, “vasikana vaya vari zasi uko vari kurongedza masutukesi avo.” Uye ichi ndicho chinhu chimwe chete chaakanga asingazive kuti ndanga ndiri kuzviziva. Mari yedu yanga yadzikira kwazvo. Handina kuda kumutendera kuti ataure pamusoro pazvo. Asi mumwe wevasikana vacho akanga aisa mazana mapfumbamwe emadhora mu—mumupiro iwoyo husiku hwekumashure kwacho, ndokuisa mari iyoyo pamusoro. Zvino, haana, haazvizive kusvikira nhasi, asi ini ndakazviziva. Maona? Izvo ini... Mwari vakandiudza kuti zvichange zvakanaka.

¹²⁷ Zvino Hama Baxter vakati, “Hama Branham,” vakati, “zviri nani kuti munditendere kuti ndiite kakugombedzera.” Ndokuti, “Vakambova nevamwe kuno vapozi Vatsvene zasi kuno vakangatora mari kuvanhu ava.”

¹²⁸ Ndikati, “Hapana. Kwete, changamire. Hamuzviite. Hama Baxter, chero kupi kwamunotoro mari kuvanhu saizvozvo, ndiyo nguva imi neni tichangokwazisana maoko mumwe nemumwe sehama, ndoenda zvangu ndega. Maona?” Ndikati, “Hamudaro.” Ndikati, “Mwari ane mombe pazvikomo zvine chiuru, uye zvinhu zvose ndezvaKe. Ini ndiri waKe. Achandichengeta.”

Iye akati, “Zvakanaka.”

129 Zvino husiku ihwohwo vakati, “Hama Branham, tarisai apa. Mumwe munhu. . . Tarisai pano! Heino hamvuropu pano, haina zita pairi, iine mairi mari dzebepa dzezana remadhora dziri pfumbamwe. Inongokwanirana neyatiri kuda kuti tibhadhare.”

Ndikati, “Hama Baxter.”

Ivo vakati, “Ndiregerereiwo.”

130 Saka ipapo ndakaziva kuti aiva musikana uya. Saka ipapo—ipapo zuva raitevera, Hama Baxter vakati, “Hama Branham, vari zasi uko vari kurongedza nhumbi dzavo, vachichema.”

Ndikati, “Chii chanetsa?”

Vakati, “Zviri nani kuti muende munovaona.”

131 Ndakaenda kukamuri yavakanga vari. Ndikati, “Vari mukamuri mupi?” Ndakaenda zasi ikoko uye ndikagogodza pamukova. Ndakavanzwa vachichema. Ndakagogodza pamukova, zvino musikana akauya pamukova, akati, “Oo, Hama Branham, ndine urombo.” Akati, “Ndakukonzeresai dambudziko rese iri.”

Ndikati, “Dambudziko? Chii chiri kunetsa, hanzvadzi?”

Akati, “Oo, ndaita kuti FBI ikutsvakei.”

Zvino ndakati, “Oo, ndizvozvo here?”

132 Akati, “Hongu.” Akati, “Ndinofungidzira kuti ndapupura zvakanyanyisa ndichipotera muguta nhasi, nezvimwe zvose.”

Ndikati, “Kwete.”

133 Zvino iye akati, “Hama Branham, iyo FBI iri uko, iri uko, vari kuda kukufumurai nhasi manheru.”

134 Ndikati, “Zvakanaka, kana ini—kana ini ndiri kuita chimwe chinhu chakatsveyama, ndinofanira kufumurwa. Maona?” Ndikati, “Chokwadi. Kana kuparidza Evhangeri kuchifanira kufumurwa, zvakanaka, ngatizviitei. Maona?” Ndikati, “Ini—ini—ini ndinorarama neBhaibheri iri, uye zvisingataurwe neBhaibheri iri. . . Iri ndiro dziviro yangu, ipo pano. Maona?” Ini ndikati, uye iye. . .

Akati, “Zvakanaka,” akati, “Ndine urombo kuti ndakaita zvandakaita.”

Ndikati, “Hamuna chamakambobvira maita, hanzvadzi.”

Akati, “Zvakanaka, hamusi kutya here kuenda ikoko?”

Uye ndakati, “Kwete.”

Akati, “Zvakanaka, iyo FBI iri ikoko.”

135 Ndikati, “Zvakanaka, ndakambovaita kuti vauye kumusangano wangu kumashure uye vakaponeswa.” Ndikati, “VaAl Farrar. . .”

136 Keputeni Al Farrar, vazhinji venyu munoziva nezvekutendeuka kwavo uko kuTacoma, Washington,

vakaponeswa, zasi chaiko kunzvimbo inoitwa zveMITAMBO yekupfura. Vakauya mumusangano, vakati, “Ndakatevera murume uyu kwemakore maviri. Zvino ndakanzwa nezvemari, uye ndakazvitarisa, ndikaenda kwese-kwese.” Uye akati, “Ichi iChokwadi, hamusi kuteerera kune munhu anopengereka manheru ano, muri kuteerera kune Chokwadi.” Akati, “Mumwe murume aiva mupurisa, uyo wandakaita kuti chiremba atarise mwana wake ozomuunza mumutsara wekunamatirwa,” uye akati, “mwana akaudzwa izvo chaizvo zvainge zvakanganisika paari, uye kuti chii chainge chaitika kwaari. Zvino akati, ‘Mumazuva masere anenge adzokera kuchikoro, airwara neporio.’” Uye akati, “Pazuva rechisere mwana akadzokera kuchikoro.” Akati, “Ndakamutevera kwemakore maviri,” pamberi pevanhu zviuru gumi. Zviripo zvose. . . Pane mufananidzo wacho, musangano wekuSeattle, mu—mubhuku renyu. Iye akati, “Ndinoda kuti imi mose muzive kuti hamusi kuteerera munhu wenhema anonyepedzera kunamata. Muri kuteerera kuChokwadi.” Keputeni Al Farrar. Uye zuva rakatevera ndakamutungamirira kuna Mwari, uye akagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, panzvimbo inoitwa mitambo yekupfura, zasi munzvimbo huru kunze uko.

Ndikati, “Pamwe murume uyu achaita zvimwe chete.”

Saka akati, “Muri kutya here kuenda ikoko?”

¹³⁷ Ndikati, “Kutya? Sei, zvirokwazvo kwete. Zvirokwazvo kwete. Ndingagotyia sei kana Mwari vakandituma kuti ndizviite? Ndiye Anorwa hondo yacho, kwete ini.” Saka ndakati, “Zvino, ndinoda kuti imi mose mugarire kure.” Uye saka. . .

¹³⁸ Takaenda kumusangano husiku ihwohwo, nzvimbo yakanga yakazara. Zvino muchengeti weipapo akabuda, akati, “Mufundisi Branham, ini ndakahaya vana gumi vanobva kuMexico.” Akati, “Tarisai pano, ‘Mufundisi Branham vari kuzofumurwa manheru ano neFBI, mupengereki wechinamoto,’” kana chimwewo chinhu chakadaro. Uye akati, “Zviri pane imwe neimwe yemotokari dzavo. Zvibvisei. . .” Akati, “Ini ndahaya vana vadiki gumi vanobva kuMexico, ndivo vachazvibvisa zvese vobva vazviisa neche pano.” Akati, “O, ndiri kunzwa sekunge kana ndikangobata muchinda iyeye!”

¹³⁹ Ini ndikati, “Musanetseka, changamire. Mwari vachamubata, maona.” Ndikati, “Ingomuregai akadaro.”

¹⁴⁰ Saka akauyako. Uye husiku ihwohwo isu patakupinda, handife ndakazvikanganwa, takapinda mukamuri. Ini. . . Hama Baxter vakaimba *Tenda Chete*. Iye akati, “Zvino, Hama Branham vati tibve muchivakwa manheru anhasi.” Akati, “Ndichadzokera kumashure-shure ndogara pasi.” Iye akati, “Vari kugadzirira kuvafumura manheru ano pano papuratifomu.” Akati, “Ndakavaona muhondo dzakawanda

dzakaomarara, uye ndakaona Mwari vachitora nzvimbo yavo.” Akati, “Nda—ndave kutongodzokera kunogara pasi.”

¹⁴¹ Ndakafamba ndikakwira. Ndikati, “Ndange ndichingoverenga chimwe chinyorwa chidiki pano chichitaura nezvekuti ndange ndichazofumurwa manheru anhasi papuratifomu pano.” Ndikati, “Ndinoda kuti vatumwa veFBI vauye iko zvino kumberi uye kuti vandifumure pano papuratifomu.” Ndikati, “Ndakamira pano kudzivirira Evhangeri; ndinoda kuti muuye zvino mundifumure.” Ndakamirira. Ndikati, “Zvimwe havasati wave pano.” Ini ndaiziva pandaiva. Iye akanga atondiratidza kare mukamari yangu kumusoro uko, zvange zvichazoitika, ndisati ndabva, munoono. Ini ndokuti, ndikati, “Zvimwe ndichamirira kwekanguva. Tingaimba rwiyo?” Zvino mumwe munhu akauya akaimba rwiyo ari oga.

¹⁴² Ndikati, “VamuFBI, muri mukati kana kunze here? Ndakamirira kufumurwa. Mungauye here kumberi?” Hapana akauya. Ndakaramba ndichinetsika kuti zvaive papi. Ishe vakandiudza kuti chaiva chii. Vaive vaparidzi vaviri vakadzokera kumashure, zvino ndaka—ndakanga ndakatarisa. Ndakaona mumvuri mutema wakaremba mukona. Ndakaziva kwazvainge zviri. Ndakatarisa uko, uye wakafamba kukwira kumusoro ndokuenda kumusoro kunogara vanhu seizvi. Murume ane sutu yebhuruu, mumwe ane pfumbu.

¹⁴³ Ndikati, “Shamwari dzangu, hamuna FBI. Ko FBI inei nechekuita nekuparidzwa kweBhaibheri?” Ndikati, “Zvirokwazvo kwete. Vakange vasiri vaviri vaviri veFBI vaida kundifumura. Asi, hekuno kuiswa pachena, vakange vakagara kumusoro ikoko, ivo vaparidzi vaviri ipapo chaipo.” Uye vakadzika. Ndikati, “Musadzika zasi saizvozvo.” Zvino kune vaviri vahombe vanobva Texas vainge vachida kukwira kumusoro kunovabata. Ndikati, “Kwete, hama, iyi haisi nyaya yenyama neropa, chingogarai makanyarara. Mwari ndivo vachaona nezvazvo.”

¹⁴⁴ Ndikati, “Zvino, hama, tarisai, apo muri kumusoro ikoko, tarisai kuno.” Ndikati, “Kana . . . Makati ndiri Simoni n’anga, pasi pehuroyi, ndange ndiri kuroya vanhu.” Ndikati, “Kana ndiri Simoni n’anga, saka imi muri vanhu vaMwari. Zvino imi chiburukai zasi papuratifomu ino. Zvino kana ndiri Simoni n’anga, regai Mwari vandirove ndife. Uye kana ndiri muporofita waMwari, imi burukai uye regai Mwari vakurovei mufe. Zvino tozoono kuti ndiani wechokwadi neakaipa. Zvino imi chiburukai pasi. Tichaimba rwiyo.” Vakabva vabuda muchivakwa ichocho, uye hatina kumbobvira tavaona zvekare kubva ipapo. Maona? Ndikati, “Huyai tione. Kana ini ndiri Simoni n’anga, regai Mwari vandirove ndife. Zvino kana ndiri muporofita waMwari, ipapo Mwari vachakurovai mofa pamunouya kupuratifomu ino. Kana ndiri wechokwadi pamberi paMwari, Mwari vachakuregai

muchifa papuratifomu ino.” Vaiziva zviri nani. Ndizvozvo. Vaiziva zviri nani. Vakanga vanzwa kubva kune dzimwe nzvimbo. Ndizvozvo chaizvo. Saka usambofunga zvimwe kusara kwekuti Mwari achiri Mwari. Anopindura.

¹⁴⁵ Zvino, muroyi weEndori uyu, akadana mweya waSamueri. Uye Sauro akataura naSamueri. Zvino, unogona kushamisika kuti zvaimboitwa sei. Hazvigone kuitwa nhasi uno. Kwete, changamire. Nokuti, ropa renzombe nembudzi rakanga rakamirira bedzi nguva yekuzadzikiswa. Munhu paaifa mumazuva iwayo. . . Vaparidzi, nditsigirei kana muchifunga kuti Ndizvozvo. Munhu paaifa, aifa ari pasi peyananiso yemhuka, zvino mweya wake waienda kuParadhiso. Zvino aigara ikoko kusvikira iroro, ku—kuZuva reRudzikinuro. Uye mweya wake vaive imomo.

¹⁴⁶ Regai ndikudhirowerei mufananidzo muduku pano. Vangani vakaverenga chinyorwa changu, kana kuti chinyorwa chavakanyora pamusoro pangu mu*Reader's Digest* pano, chinyorwa chinenge chakabuda muna Gumiguru, muna Mbudzi? Zvakanaka. Makacherechedza here kuti zvanga zvakaite sei? Makacherechedza here, angaita mavhiki maviri kana matatu zvisati zvaitika, svikiro guru rakakurumbira rakamboedzwa kubvira kare-kare, iye, Muzvari Piper. Pane akamboverengawo izvozvo, chinyorwa chaMuzvari Piper mu*Reader's Digest*? Hazvishamise here kuti mweya miviri iyi. . .

¹⁴⁷ Ndasara nenguva yakadini? Kwete asi shoma. Ndapfuurira nemakumi maviri, ndinotofanirwa kukurumidza. Ndinoziva kuti mune- . . . Tarisa, ndiregereiwo kweminiti.

¹⁴⁸ Munoziva, pane—pane chenhema. Kune chechokwadi uye chenhema pane zvinhu zvese. Kana ndikakupa dhora, uye ndoti, “Idhora rakanaka here iri?” Zvino unoritarisa, rinofanira kutaridzika zvakanaka chaizvo sedhora chairo kana kuti hauzomboritendi. Ndizvozvo here? Saka rinofanirwa kuva rakanyatsotevedzera nemazvo.

¹⁴⁹ Zvino kana Jesu akataura kuti mweya miviri mumazuva okupedzisira ichange iri pedyo nepedyo kusvikira yaizonyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka, vanhu vezvinamoto. Zvino rangarirai. Zvino, hakuna chinhu kunze uko mune ekare akato- . . . etsi- . . . akatonhora, etsika. Kunze vangori nechimiro chehumwari, munooona. Asi mweya miviri iyi, mweya chaiyo, ichava pedyosa zvokuti ichanyengera Vasanangurwa chaivo, kuti yange ichishanda sei parutivi neparutivi mumazuva ekupedzisira. Jesu akadaro here? Akadaro.

¹⁵⁰ Zvino tarisai, shamwari dzangu, ndichakudhirowerayi mufananidzo muduku. Ndinoda kuti mutarise kuno kweminiti. Uye mugondipa kuteerera kwenyu kwese, nokuti ndichakupai chirevo chinofananidzira, uye ipapo muchazozviona.

¹⁵¹ *Zvino, muReader's Digest, zvakanyorwa ipapo, ndakanga ndakamira kunze uko, takanga tiine zviuru zviviri nemazana manomwe evanhu vakamirira kunamatirwa, vakamira kunze uko. Makaverenga chinyorwa. Zvino mumwe murume akauya kubva kuCanada, uye akanga aine mukomana muduku akange abva kwaMayo nekuJohn Hopkins, chirwere chepfungwa chakaipisisa kwazvo chakadhonzera maoko ake madiki mukati sezvizi, uye chikadhonzera makumbo ake kumusoro pasi pake. Uye vakati, "Hapana kana kunyangwe kuvhiyiwa kana chinhu chinogona kuitwa."*

¹⁵² Saka iye akamudzoserwa kuCanada. Iye akati, "Ini handisati ndakundwa nazvino." Wanai *Reader's Digest* rakabuda muna Mbudzi, uye inonzi chi—chi—*Chishamiso chaDonny Morton*. Uye—uye ipapo akati izvo iyo, imomo, kuti mu—murume wacho akati, "Handisati ndakundwa nazvino, nokuti ndinoziva mupodzi wekutenda anonzi William Branham, uyo akakonzerwa shamwari dzangu mbiri dzakanga dziri mbeveve nechimumumu kuti vataure nekunzwa."

¹⁵³ Uye vakafona vachiedza kutsvaga kwandakanga ndiri, mu—muAmerica zvino. Zvino ndakange ndiri uko muCosta Mesa, California. Uye ichocho chinyorwa, paunochiverenga, gadzirira kuchema. Chinongoputsa mwoyo wako. Kuti akapinda sei nemuchando, uye nezvimwe zvose, nemwana iyeye! Iye akati, "Ngwarira, Donny." Akati, "Zvino, hatina kukundwa." Zvino mukomana muduku akange asingatombogone kana kunyemwerera, zvachose, akange achinyanya kurwadziwa. Akati, "Isu hatina kukundwa, tichabvunza Mwari. Tichaenda kumuporofita waMwari uye tomubvunza."

¹⁵⁴ Saka ipapo vakauya kuburikidza nemuchando. Zvino pakupedzisira vakazosvika zasi ikoko, zvino amai vacho vakange vari kuuya navo, uye vakanga vasina mari yakakwana yokuti vafambe nendege, saka vakati amai vadzokere. Zvino mukomana nababa vakatozouya nebhazi, zvokuti vakauya nzira yose kubva kuWinnipeg, Canada, kusvika kuCosta Mesa, California. Zvino vakapinda imomo, vachisina mari, uye baba vanotaura pamusoro pekuti vaimuchinja sei mapampa madiki, mukomana muduku angaita makore manomwe kana masere ekuberekwa, asingagone kuzvibatsira zvachose. Uye kuti vaizo...havana kuwana mukana wekudya kana chero chinhu, uye akati aigona kunzwira kure mukomana wake mudiki achitaura. Zvino aigona kuziva nenzira yemataridzikiro emaziso ake, kuti akanga—akanga achiedza kunyemwerera, munoziva. Uye kuziva kuti iye...Aipota achimuudza nezvenzvimbo dzakasiyana-siyana dzaaiona, imo muAmerica.

¹⁵⁵ Zvino pavakasvika ikoko, kuCalifornia, vakaudza uyo anobatsira vafambi, kuti vakange vauya kuzoonei. Iye akati, "Mauya kuzoona waMwari chii?" Nemubvunzo mukuru.

156 Munongoziva, munogona kufungidzira zvakataurwa neAmerica pamusoro pazvo, munoona. Munoona, ndiye isu, munoona, “Takachenjera chaizvo! Tinoziva zvinhu zvose, munoziva, uye hapana chikonzero chekutiudza chero chinhu. Tinazvo zvose zvakanyorwa pasi.” Maona?

157 Saka ipapo, saka, “WaMwari chii? Kuuya nzira yose kubva kuWinnipeg, Canada?” Handiti, vakafunga kuti zvakanga zvakashata kwazvo.

158 Zvisinei, vebepanhau vakagadzirisa mo—motokari uye vakamuendesa ikoko. Zvino iye akati, pavakasvika pamutsara, apo pawaiva, akati zviuru zviviri nemazana manomwe evanhu vakanga vakamirira kuti vanamatirwe. Asi akati, pavakaona mukomana mudiki uyu, airatidzika kuva akaremara kwazvo, uye nababa vanonzwisa tsitsi ava vakapfeka kepisi yavo, jasi ravo rakabvaruka, zvakanzi munhu wese akangoenda parutivi ndokumupa nzvimbo yake. Pavakasvika papuratifomu . . .

159 Zvinopesana nemutemo kuchinjanisa kadhi rekunamatirwa. Munhu anofanira kuuya kumusanganano ozviwanira kadhi rake. Kana ukatobatwa mumutsara, uchichinjanisana makadhi ekunamatirwa nemumwe munhu, kadhi iroro rekunamatirwa haritambirwe. Maona? Nokuti unofanira kuuya wonzwa kurairwa uye woziva kuti ungazvigamuchira sei. Zviri kwauri. Haugone kuritora pachinzvimbo chemumwe munhu. Unofanira kuuya woriwana pachezvako, saka manzwaka. Mumwe munhu mukuru akati, “Dai. . . Zvakanaka, handitende zvakanyanya mune chinhu ichi. Asi, zvimwe kana Akandipodza, ini. . .” Muri kuona? Zvino izvozvo zvinobva zvakonzero kukakavara papuratifomu, saka vanobva vabvisa chinhu ichocho chisati chasvika ipapo.

160 Saka mukomana paakatanga kuenda, kana kuti baba pavakatanga kuenda papuratifomu, kumberi kwevanhu, Billy akavabvunza kadhi ravo rekunamatirwa. Ivo vakange vasina kana rimwe. Akati, “Saka ndine urombo, changamire.” Akati, “Munofanira kumirira.”

161 Ivo vakati, “Zvakanaka.” Vakati, “Ndichamirira.” Vakati, “Saka, ndichangomirira mukana wangu sevamwe.” Vakati, “Ndange ndisingazive kuti ndaifanira kuita izvi.”

162 Zvino ndaitaura nemumwe munhu, zvakaiteka kuti ndakazvinzwa. Ndakaona baba ivavo vachifamba vachienda, uye ndikati, “Dambudziko ranga riri rei?”

Iye akati, “Havana kadhi rekunamatirwa.”

Zvino Chimwe chinhu chakati kwandiri, “Vadzorei kuno.”

163 Saka ndakati, “Huyai naye pano.” Zvino baba vakauya kumusoro, uye misodzi ichiyerera ichidzika nepachiso chavo, chaida kugerwa ndebvu. Zvino ivo—ivo vakafamba vachikwira, uye hepano zvakataurwa ne*Reader’s Digest*. Maona? Handina kubvunza mibvunzo, asi ndakatarisa ndakanangana nechiso

chemwana, ndokutaura kuti mwana aive abva kupi, akange abva kuChipatara cheMayo, uye nezvose kuti dambudziko raive rei paari, kuti akange arwara zvakadini, uye nezvimwe zvese.

¹⁶⁴ Zvino saka baba vacho vakatanga kuchema, uye vakatanga kubva vachienda. Zvino vakati vakatanga kubva papuratifomu, ndokutendeuka, vakati, “Ndizvozvo, changamire.” Vakati, “Asi mwana wangu achazomborarama here?”

¹⁶⁵ Ini ndikati, “Izvozvo handikwanise kutaura.” Ndikati, “Mirai zvisoma.” Ndaona chiratidzo chichiuya. Ndikati, “Hamungade kuzvitenda izvi, nokuti Mayo neHopkins vose vakataura kuti oparesheni iyoyo yaisagona kuitwa pauropi ihwohwo, asi ndinokuudzaizvi zvokuita. Imi, mangwana, imi enderera mberi nemwana uyu. Pamazuva matatu anotevera muchasangana mumugwagwa nemudzimai ane musoro une bvudzi dema, zvino mudzimai iyeye achakubvunzai kuti chii chiri kunetsa nemwana iyeye. Zvino ipapo achakuudzaizvi nezve mumwe chiremba muduku wekumaruwa kunze uko uyo anogona kuita oparesheni iyoyo, uye imi hamungadi kuzvitenda, nokuti vekwaMayo vakaramba kuzviita uye vakati, ‘Hazvigoneki kuti zviitwe.’ Asi ndiwo mukana woga une mwana wenyu, kuburikidza nesimba raMwari, tsitsi dzaMwari uye neoparesheni iyoyo. Zvino, kana muchitenda kuti ndiri muporofita waKe, endai mundoita sezvandakuudzaizvi.” Sekuisa maonde pana Hezekia, uye nezvimwe zvakadaro.

Ivo vakati, vakatendeuka uye vakati, “Maita henyu.” Ndokufamba vachienda.

¹⁶⁶ Mazuva maviri kana kudarika akanga apfuura, uye vakange vari zasi mumugwagwa rimwe zuva, zvino mumwe mudzimai akauyapo, akati, “Dambudziko nderei nemwana wenyu?”

¹⁶⁷ Vakati, “Ane chi—chirwere cheuropi.” Zvino vakange vachipfuurira mberi vachitaura saizvozvo. Uye, saka, ivo—ivo vaifunga kuti zvakanyanya kushata, munoziva.

¹⁶⁸ Saka vakati mumaminitsi mashoma chimwe chinhu chakaitika. Mudzimai akati, “Changamire, ndinoziva mumwe munhu anogona kuita oparesheni iyoyo.”

¹⁶⁹ Ivo vakati, “Mudzimai, tarira, Mayo Brothers vakazvitadza uye vakati hazvigone kuitwa.” Vakati, “Pane murume kumusoro uko ange achimunamatira, anonzi Hama Branham.” Vakati, “Akaitira mwana munamoto.” Vakati, “Mirai zvisoma! Musoro mutema, akapfeka bhachi resutu yeruvara rwupfumbu.” Vakati, “Ndiye wacho.” Vakati, “Aripi chiremba uya?” Zvino akamuudza. Ndokumuendesa ikoko uye chiremba akaita oparesheni, mwana akapora.

¹⁷⁰ Zvino, izvozvo zvakabuda nemu*Reader's Digest*, maonaka. Uye Mayo Brothers vakandidaidza kuti ndinova nehurukuro pane izvozvo. Vakati, “Mufundisi Branham, makaitei kune mwana wacho?”

171 Ndikati, “Hapana. Handina kana kumbobvira ndamubata. Ini ndakangotaura zvandakaudzwa naMwari kuti nditaure. Murume wacho akazviteerera.”

172 Zvino, chinhu chinotsa pamusoro pazvo, angaita mavhiki maviri akatevera mushure mezvo, kana kuti mavhiki maviri ekumashure kwacho, kana matatu, mu*Reader's Digest*, zvimwe mwedzi waiva pamberi, chinyorwa cheMuzvari Piper chakabuda. Zvino, muroyi chaiye-chaiye, kana svikiro. Zvino, pane remazvirokwazvo, uye pane mumwe anotevedzera. Vakanga vaine mukadzi uyu kubvira muna 1897. Apfuura makore zana okuberekwa zvino, ari muNew York, zvose... matsi semutanda. Iyo *Reader's Digest*, iwanei... Ndinofunga kuti zvakauya pamwe chete zvingaita mwedzi miviri kana mwedzi mumwe kumashure kweyangu; uye munogona kuiwana, panongotanga mwaka wematsutso. VaBaxter vaive nayo pano rimwe zuva. Dai ndakafunga nezvazvo, ndingadai ndakavati... kana kuti dai ndange ndaziva kuti ndichaitaura izvi, ndi—ndingadai ndauya naro. Ndinogona kukuwanirai. Uye yakapa mapeji anokwana gumi nemaviri kana gumi nemana. Aingova mudzimai zvake wepamba. Zvino iye akabatwa nemweya rimwe zuva, ari mukutambudzika, akatanga kutaura nevakafa. Zvino vakave nemukadzi iyeye pasi rose, kwese-kwese. Vakamuendesa kuEngland. Vakatosvika pakushandura hanzu dzake, nguva zhinji, kuti vaone kana paive nepaainge apotsa nezvinhu, uye vakasvika ikoko zvino vakavanza mumwe munhu ane masiki kumeso, muGiriki, ndokubva aita sekunge aiva Murungu. Uye akamuudza zvose pamusoro pazvo. Uye iye—iye—iye aida kuti adane mumwe weshamwari dzake dzakafa.

173 Zvino, chinhu choga iye... Pasi rese, zvino hepano zvinotaurwa ne*Reader's Digest* ipapo, pano husiku hushoma hwapfuura, kana mwedzi mishoma yapfuura, chimwe chezvinhu izvozvo chakafumurwa. Umwe murume aifanira kusvepura ruoko rwechipoko chaamai vake, zvino zuva raitevera zvakaraitidzwa mudare remapurisa kuti akangosvepura chimedu chejira rinoputiriswa chizi. Vanhu vakawanda vachingonyepedzera kuita sesvikiro! Vangori ava vaverengi vadiki vekare vanogara kunze parutivi rwemugwagwa, vasiri masvikiro kubva pakutanga. Ivo havasi chinhu kunze kwevatevedzeri venhema. Asi pane svikiro chairu.

174 Uye isu vanhu vezvinamoto, tine vatevedzeri vakawanda kumativi ese. Zvino rambai makabata kwemaminitsi mashoma.

175 Zvino cherechedzai, ivo Muzvari Piper isvikiro chairu. Uye magazini rakati, “Hecho chinhu chimwe chinogona kusimbiswa, kuti, kana munhu akafa, haana kufa. Ari kurarama pane imwe nzvimbo, nekuti mukadzi iyeye anodaidza mweya yavo kuti idzoke otaura nevanhu vacho.”

176 “Zvino, anoitei, Hama Branham? Munozvitenda here?” Hongu, changamire. Bhaibheri rakadaro, ndicho chikonzero

ndichizvitenda. Uye iye ndewa dhiyabhore. Zvemasvikiro manomano adhiyabhore. Zvino cherechedzai, zvino zvitarisei zviri zviriviri.

¹⁷⁷ Uye ipapo mungadai makaona tsamba dzichiuya nekukasika kwandiri, ipapo, apo chinyorwa changu chakatevera chake. Hazvishamise here kuti, nguva yekupedzisira yave kusvika, Mwari vakataura zvinhu izvi? Zvino iyo *Reader's Digest* inonyorwa mumitauro yese iri pasi pedenga. Maona? Cherechedzai, hazvishamise here kuti zvakatevedzana?

¹⁷⁸ Zvino hepano tsamba dzakapinda, dzichiti, "Hama Branham, izvo zvinoratidza kuti hapana zvamuri kunze kwesvikiro." Akati, "Izvozvino zvinozviratidza. Tarisai pano, makaudza mukadzi uya uko ainge achazona...Tarisai mukadzi *uyu*?"

¹⁷⁹ Ndikati, "Mira zvishoma." Ndine tsamba yepamutemo yakabuda, (ndiregerereiwo), yokuti nditumire kuvanhu. Ndikati, "Imi vaparidzi munoziva zvishoma zvakadii." Ndikati, "Pane kuti mubhabhatidzwe mitumbi yenyu, munotoda kuti pfungwa dzenyu dzibhabhatidzwe." Ndizvozvo chaizvo. "Haumire kuti ufunge pamusoro pezvinhu. Hauedze kumbotanga wafunga nezvazvo."

¹⁸⁰ Ndiyo nzira imwe chete yavakazviita nayo pane mamwe mazuva. Vakaona Jesu. Vakaziva kuti Aigona...Aiziva zvakavanzika zvemoyo yavo. Aiziva zvavaive vachiita saizvozvo. Uye vakati, "Iye ndiye mukuru wemadhimoni. Ndiye Bherizebhabhu, muwuki mukurusa munyika." Ivo havana kumira kuti vaedze kuzvifunga, kuona kuti aive Mwanakomana waMwari. Vakanga vasiri vemweya zvakakwana kuti vazvizive. Ndizvozvo, vakaverenga vakasazviona. Chokwadi, Jesu aifanirwa kuuya muJerusarema, akatasva nyurusi, nezvakadaro, asi vakange vakatarisa paKuuya kwepiri.

¹⁸¹ Uye chinhu chimwe chete nhasi! Vari kutarisa pamusoro pechinhu chaicho. Hareruya! Ndizvozvo. Ndinoziva kuti Mwari vari pano, masikati ano, uye ndinoziva kuti ndiri kutora nguva yenyu yakawanda, asi unofanira kuona izvi, shamwari. Kana ndikasakuonai zvekare, munofanira kuziva zviri madhimoni, munofanira kuziva kuti Chokwadi nekutsauka chii. Uye zviri pedyo zvakanyanya, munofanira kupatsanura zvinhu zvacho.

¹⁸² Zvino rangarirai, hazvisi kuzove kunze uko, chimwe chinhu nechekurutivi *urwu* sevaFarise, kana chimwe chinhu nechekumashure kurutivi *urwo*. Zviri pano pamusuwo, pedyo nawo chaipo. Zvitarisei. Zvino kana ndikatora... .

¹⁸³ Ngatitorei idzo nyaya mbiri. Kana ndikatora uye ndokupa dhora, zvino, kana ndikakupa dhora renhema. Tichashandisa mufanidzo kuti muzvione. Chinhu chekutanga chawaiita, kana uri munhu akachenjera, kana ukatora dhora uye woritarisa, chinhu chekutanga, unorinzwa nekubata uye nekuona kuti

rakagadzirwa nei. Ndizvozvo here? Unotarisa kuti rakagadzirwa nei. Unotarisa hukoshi hwaro. Dhora chairo harina kugadzirwa nebepa, chimwe chidimbu ibepa chimwe isiriki, unoona. Uye chinhu chekutanga, unofanira kutarisa kukosha kwaro. Ndicho chiratidzo chekutanga.

¹⁸⁴ Uye zvino ngatimuendesei kudivi *iri*; uye tora Ishe kudivi *rino*, vari kushanda nesu.

¹⁸⁵ Zvino tarisa, chinhu chekutanga chaunofanira kucherechedza, zvose...Tarisa chinyorwa chako. Mumakore angaita makumi mashanu neanoraudzira ekuuka kwake, nekudana mweya yevakafa, haana kana nguva imwe yaakambotaura nezvaMwari, Kristu, kupodza kwaMwari, rudzikinuro, Kutongwa, hapana kana. Hapana chimwe asi kufarisa nehupenzi mazviri.

¹⁸⁶ Asi kurutivi *rwuno*, anogara ari Mwari, Kutongwa, Kuuya kwaJesu, kupodza kwaMwari, simba raMwari, rudzikinuro. Tarisa kukosha kwazvo. Iwe hauone vauki nevaroyi vari kunze vachiparidza Evhangeri. Chii dambudziko nevanhu? Ini zvangu! Cherechedzai!

¹⁸⁷ Uye chinhu chaicho chekuita, kana uchida kuona kuti idhora chairo kana kuti kwete, kana richitaridzika zvikuru sairo, bvisa manhamba pariri woridzoserwa kwarakagadzirwa. Uye kana paine manhamba ikoko anoenderana naiyoyo, pane dhora resirivheri rakarimirira. Ndizvozvo here?

¹⁸⁸ Zvakanaka, zvino, hama, tora zvaakaita wozvidzoserwa kuBhaibheri, iwe uzoona kuti muroyi wekuEndori.

¹⁸⁹ Zvino ukatora zviri pano, uchaona zvichidzoka, zviri paBhuku pano Pazvakavambwa, “Jesu Kristu munwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Zvirokwazvo, basa raKe rimwe chete! Haana kuenda kundoita hupenzi nezvisina maturo nevanhu. Zvaive mune chimwe chinhu chakanaka, kubatsira mumwe munhu, kuvatungamirira kuna Mwari. Amen! Ini handisi kuzviita “ameni” pachangu, asi *ameni* zvinoreva kuti “ngazvive saizvozvo.” Uye ndiri...NdinoZvitenda. NdinoZviziva kuti iChokwadi.

¹⁹⁰ Zvino cherechedzai, hezvinoi izvi. Zvino, nekukurumidza zvino, nekuti handisi kuda kuramba ndakakuchengetai.

¹⁹¹ Pano, ngatipei mufananidzo mudiki pano, mufananidzo mudiki wemupfungwa. Hepano pane hova ichinyatsopfuura nepano, ichidzika kubudikidza nekurutivi *urvu*, ichidzika kuburikidza nemuhupenyu. Zvino tarisai. Ringori gwara. Ndipei kuteerera kwenyu kuzere zvino, kuti musazvipotsa izvi. Ichidzika sezvizi. Zvino, mugwara diki iri pano ndimo munogara vanhu vanofa, iwe neni. Zvino, imomo, ngatitarisei kuti makadii. Huwandu wehupenzi uye nezvimwe zvese, asi apa nepo unoona chiedza. Unoona rima nemigwagwa, ndiwo mafaro nekungoenderera, madhimoni achitora vanhu. Oo,

vanopfeka zvakanaka, ini zvangu, uye vane tsika dzepamusoro sezvavangagona kuve, vadzidzi vakatsetseka, asi achingori dhiyabhore. Asi pane vakabarwa patsva vakagara imomo.

¹⁹² Zvino, vanhu ava vari mugwara iri vanorunzirwa kubva kumativi maviri akasiyana. Zvino, kurutivi urwu rwuchienda nenzira *iyi*, kune tiriniti. Uye kurutivi urwu rwuchienda nenzira *iyi*, kune tiriniti.

¹⁹³ Zvino, apo, zvino panzvimbo yekutanga, kurutivi *urwu*, kune mweya *yevasina-kururama*, kana munhu afa anoenda kunzvimbo yaanomirira kutongwa. Jesu akaenda uye akanoparidza kune iyo mweya yakanga iri mutirongo imomo. Chinotevera madhimoni. Chinotevera, ndidhiyabhore ari mugehena. Zvichikwira, chekutanga, zvino, vari imomo zvipoko, mweya yevarume vakafa vasina kumbobvira vakatendeuka. Vakamirira Kutongwa. Chinhu choga chavanoziva hupenzi nezvavakaita.

¹⁹⁴ Zvino, kumusoro kuno, Makristu aya anorunzirwa kubva Kumusoro. Ndicho chirevo chinofananidzira. Kumusoro kuno pane umwe Mweya, iwo Mweya Mutsvene, iwo Mweya weMunhu, Kristu Jesu. Mweya Mutsvene, Mweya Mutsvene unorunzira Chechi yaKe muchiyero ichi chevanofa.

¹⁹⁵ Iye dhiyabhore, kubudikidza nemweya *iyi*, anorunzira munhu. Zvino, tarisai, chinotevera iNgirozi. Chinotevera ndiMwari. Zvino, munhu anofa wese ari pano anorunzirwa neimwe yenyika idzi. Munoono zvandiri kureva?

¹⁹⁶ Zvino chakaitwa nemukadzi uyu, akapinda muchiyero ichocho. Uye ari kutaura nevarume vaye vane madhimoni avo vaive, pakutanga, mweya yengirozi dziya dzakawa dzisina kutendeuka kumashure uko pakutanga, ndokutendera mitumbi yavo kuti igarwe nayo. Uye vakamirira Kutongwa.

¹⁹⁷ Zvino *ava* vari kuno vanorunzirwa nekuberekwa patsva neMweya waMwari. Zvino dhiyabhore ane vaporofita vake, uye Mwari ane vaKe. Munoono here zvandiri kureva? Irunziro, tichienda takadaro. Tomira kuti tiipatsanure. Jesu, paAiva pano panyika . . .

¹⁹⁸ Zvino, nhasi, haagone kupinda muchiyero ichocho uye otera munhu akarurama kubva muchiyero ichocho. Haagoni kuzviita, nokuti vanhu vakarurama havamo imomo mavaimbove, muParadhiso. Kwete, changamire. Paradhiso yakabviswa, apo Ropa raJesu rakaibvisa. Tarisai pano. Ini zvangu!

¹⁹⁹ Kana ndikafunga kuti apo paya Jesu, paAkafa, Akaenda akandoparidza kumweya yaive iri mutirongo. Akafa, ari mutadzi, asingazive chivi, zvakadaro chivi chedu chaiva paAri. Uye Mwari, nekuda kwezvivi zvaKe, Akamutumira kugehena. Bhaibheri rakati, “Akaenda uye akandoparidza kumweya.”

²⁰⁰ Vamwe vanhu vanoti, “Hama Branham, handigone kuzvinzwisisa.” Voti, “Jesu akamuka nezuva retatu. Akafa

neChishanu masikati uye akamuka neSvondo mangwanani, sei, Aingova afa zuva rimwe chete.”

²⁰¹ Iye akati, “Mukati menguva iyoyo,” nokuti Aive neGwaro rimwe chete muBhaibheri, raAigona kumira pariri. Nekuti, Dhavhidhi, murume akadzokera kumashure pamberi apo, asi akaponeswa, asi ari muporofita ari pasi pekufemera kwaMwari, akati, “Handisiye mweya waKe mugehena, kana kuti haNdingatenderi Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Uye aiziva, mazuva matatu nehusiku, kuti mutumbi iwoyo waizopinda pakuora. Zvino Mwari akange atoti kumuporofita, “Haazoone kuora.” . . . ? . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

Hareruya! Akatora Shoko raMwari. Akakunda Satani, nguva dzose, paRiri. Akakunda rufu, paShoko raMwari. Hareruya! Akakunda rufu. Zvino apo paVakamuuraya, uye Iye akafa, ari mutadzi, zvivi zvangu nezvivi zvako zviri paAri, Akadzika zasi, ndinogona kuMuona achigogodza pamukova apo.

Zvino iyo mweya yakarasika yakabuda uye ikati, “Zvakanaka, Ndiwe Ani?”

²⁰² Iye akati, “Sei musina kuteerera kuna Enoki? Sei musina kuteerera kune avo vose vaporofita vakaparidza?” Vakapomerwa mhosva. “Ndini Mwanakomana waMwari uyo akamborarama. Ini . . . Ropa raNgu radeurwa. Ndauya kudzokudzai, Ndazadzikisa, zvakataurwa nevaporofita kuti Ndichaita.” Achidzika akadaro ndokupfuura madhimoni, kupinda mugehena chaimo, akatora makiyi erufu negehena kubva kuna dhiyabhore, akaarembedza parutivi rwaKe, akatanga kudzokera kumusoro. Hareruya!

²⁰³ Kwave kusvika mangwanani-ngwanani. Hareruya! Ngatidhirowei mufananidzo mudiki pano. Mangwanani-ngwanani, kune rimwe boka rakarara nechekuno muParadhiso. Havachisiko parizvino.

²⁰⁴ Zvino, imi shamwari huru dzeChikatorike dzinotenda mukureverera kwevatsvene. Kana uchitaura nemutsvene muchechi yako, munhu iyeye mutadzi, ari mugehena, kana—kana kuti akamirira mhiri ikoko kutongwa kwake. Uye dai ainge ari mutsvene, ari mukubwinya kwaMwari uye haagone kudzokazve. Ndizvozvo chaizvo. Ndinogona kuzviratidza izvozvo. Ropa renzombe haraigona kubvisa chivi, asi Ropa raJesu rakabvisa zvivi.

²⁰⁵ Ndiri kuona Jesu achikwira kumusoro uko kune, Paradhiso, kune mutana Abrahama, Isaka naJakobho, nevamwe imomo, Samueri nevamwe vose imomo. Ndinogona kuMunzwa achigogodza pamukova. [Hama Branham vanogogodza papurupiti katanhatu—Mupepeti] Amen! O, ndinozvida izvi. Ndiri kuita zvakanaka . . . ndiri kuita sekunzwa manyukunyuku ekunamata zvino. Ndiri kuMuona akatarisa uko. Ndiri

kumunzwa achiti, “Ndiani ari kunze uko? NdiAni aripo uko?” Iye akati, “Ini, ndini Abrahamama ari kutaura. NdiAni?”

206 “Ndiri Mbeu yaAbrahamama.” Ameni. Ndiri kuona Abrahamama achiuya pamusuwo, ovhura musuwo. Iye akati, “Ndiri Mbeu yaAbrahamama.”

Dhanieri akati, “Tarisai apo! Hero Dombo randakaona rakachekwa kubva mugomo.”

207 Ndiri kunzwa Ezekieri achiti, “Hoyo Ari pano! NdakamboMuona, seguruva pasi petsoka dzaKe, makore ari kufamba, apo makondohwe...paakaombera maoko awo, mashizha, uye ose akadanidzira.” Oo, ndiri kuona vakasiyana-siyana imomo muParadhiso, vakaMumirira.

208 Ndinonzwa Iye achiti, “Huyai! Kwave kubuda kwezuva muJerusarema. Tinofanira kubuda muno. Tiri kuenda kumusoro, nokuti makavimba muropa renzombe nembudzi, mukamirira nguva yeRopa raNgu. Asi Ropa raNgu rakadeurwa kumusoro uko paKarivari. Ndini Mwanakomana waMwari munyama. Zvikwereti zvechivi zvose zvakabhadharwa. Tiri munzira yedu kubuda!” Hareruya! Mbiri kuna Mwari!

209 Ndiri kuona Abrahamama achitora Sara neruoko, uye hepano vanouya, vobuda kunze! Muna Mateo 27, paakabuda kunze, ndinogona kuvanzwa vachimira zvishoma muJerusarema imomo. Zvino chinhu chekutanga munoziva, ndiri kuona Kayafasi nevamwe vakamira mumugwagwa, vachiti, “Vanondiudza kuti muchinda uya amuka. Nhai, ndiani murume uyo ari kuenda uko; muchinda muduku uyo, musikana muduku uyo?”

210 Vasisina kuchembera zvachose; aiva Abrahamama naSara. Uye vakanyangadika. Ivo vakatarisa, “Pane munhu ari kutitarisa.” Vaigona kunyangadika sekunge paAipinda nepamadziro, mhando imwe chete yemutumbi. Hareruya! Ndizvozvo. Hevano vaporofita vose nevamwe, vachifamba-famba, vachitarisa-tarisa guta.

211 Zvino Jesu akavatungamirira kumusoro kupinda mukati, kana kuti pamusoro penyeredzi, mwedzi, makore, uye akatungamirira hutapwa hwakatapwa, akapa zvipo kuvanhu. Jesu agere nhasi kuruoko rwerudyi rwaBaba, akakwira ipapo, akagara pasi, kusvikira vavengi vaKe vose waitwa chitsiko chetsoka dzaKe.

212 Zvino nhasi, shamwari yangu yeChikristu inodikanwa, madhimoni ari kushanda kumativi ose. Uye Mweya waMwari uri kufamba uchienda kunze, kune rumwe rutivi, kuurwisa nguva dzose. Hareruya! Hezvoka izvo. Mabepanhau nemamagazini nezvimwe zvese zviru kuzvitaure. Vari kuzvitarisa. Havasi kuona kuti chii. Chimbori chii? Kufanoratidzwa kwemangange makuru ari kuuya munguva pfupi, pakati paMwari nadhiyahbore.

Enda kurutivi rwaMwari uye iva wakarurama mumwoyo mako. Amen.

²¹³ Pano kwete nechekare ndakanga ndiri kumusoro kuToledo, Ohio, ndichiita musangano. Ndave kuzopedza.

²¹⁴ Maona here zvandiri kureva pamusoro pemadhimoni? Ari kushanda. Anoita zvekunamata zvakanyanya, angori ezvinamato! Oo, anoenda kuchechi Svondo yega-yega, achidzokorora Chitendwa chevaApostora, uye achiimba Nziyo dzekurumbidza. Oo, ini zvangu, angori ezvinamato sekukwanisa kwaanongogona!

“Hama Branham, munoreva kuti izvozvo iChokwadi here?”

²¹⁵ Ndiyo mhando yemweya wakarembedza Jesu Kristu pamuchinjikwa. Zvino Jesu akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore.”

²¹⁶ Zvino vamwe vavo vakati, “Oo, Russia ndiyo antikristu.” Bodo! Russia haisiriyo antikristu. Antikristu achange ari wezvinamato zvokuti achanyengera Vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka.

Rangarirai, Mwari vanotora munhu waVo, asi kwete Mweya waVo. Dhiyabhore anotora munhu wake, asi kwete mweya wake. Zvino, havoka avo. Zviwanire kwako kwaunokwana. Ini ndine mungava bedzi kuChokwadi.

²¹⁷ Madhimoni, anoshanda! Nezuro, ndaive nawo muchiyero chemunyama. Nhasi, ndiri kukuratidzai muchiyero chemweya, uko kwaari muchiyero chezvinamato. Kwaari kunze uko, achinzi kenza, uye vanoadana *ichi*, *icho*, uye *nezvimwewo*, asi ndazviratidza kwamuri, neBhaibheri, iwo madhimoni. Zvino, nechekuno, nhasi, hepano ari pano zvekare muchiyero chezvinamato, anoda zvekunamata zvakanyanya, akanyorovera kwazvo.

²¹⁸ Kana ukatanga, hama, uye wofunga. Kaini, kutanga kwacho, aiva munhu munamati zvakanyanya. Esau aiva munhu munamati zvakanyanya. Judhasi aiva munhu munamati zvakanyanya. Zvinamato. Havasi vari munyika yekunze. Zviri chaimo mumapoka edu. Zvitarisei izvozvo, zvemadhimoni! Zvimwe gare-gare zvishoma, imwe nguva, ndinogona kusvika pazviri zvakati wedzerei. Tave kupererwa nenguva.

²¹⁹ Usapomera munhu. Ida munhu wese. Kana usingagone kuda zvichibva mumwoyo wako, ipapo Kristu haasi pamwe newe.

²²⁰ KuToledo, Ohio, ndakapinda mukarestorandi kaduku. Ndainge ndichimbodyira pane imwe nzvimbo, nzvimbo duku yekwaDunkard, nzvimbo duku yakanakisisa. Vaiva vakanaka zvikuru. Masikati iwayo vakanga vavhara, kuti vaende kuSunday school. Zvino pavakazviita, ndakatozoenda kune rumwe rutivi rwemugwagwa, kune kamwe kanzvimbo kaduku kekare kemunyika, zvino ndakapinda imomo. Uye ndinoziva

kuti hazvitenderwe pamutemo kutamba njuga muOhio. Zvino ipapo pakamira Mupurisa weHurumende ruoko rwake rwakambundira musikana, ruoko rwake rwakaremba pano pachipfuva chake, achitamba muchina wekubheja. Mutemo wenyika dzedu nerudzi, zvose zvaenda. Zvinonzwisa tsitsi!

²²¹ Ndinovimba pana Kristu Dombo rakasimba, ndinomira, pamwe pasi pese ivhu rinonyudza. Hapana chimwe chasara. Ndizvozvo chaizvo.

²²² Ndakatarisa kumashure uko, zvino kwaiva nemudzimai wechidiki akaisvonaka, pamwe ari muzera rehumhandara, makore gumi nemapfumbamwe, makore gumi nemasere, gumi nemapfumbamwe okuberekwa. Uye zvavaiita, ivo vakomana kumashure uko vakakomberedza tafura, zvakanga zvakashata kwazvo. Ndakagara pasi ipapo. Zvino chakandishamisa, ndakagara ndiri pano apo mudzimai akauya, akati, “Mungadewo chigaro here?”

Ndikati, “Maita henyu. Ini ndaida kudya kwemangwanani.”

²²³ Zvino muchigaro mainge mugere, makanga mugere mudzimai wechikuru, ane zera rimwe chete naamai vangu, makore makumi mashanu nemashanu, makumi mashanu nemasere okuberekwa. Akanga akapfeka twunhumbi twuya twudiki twusina humwari twavanopfeka.

²²⁴ Ivo vanoti dzinotonhorera. Sainzi inoti, “Uri kupenga.” Zvirokwazvo, hazvina kudaro. Iwe unongoda kuratidza kusasimira kwako. Chinhu chinonyadzisa, hazvina hunhu. Mudzimai kwaye haapfeke izvozvo. Mukadzi anopfeka, asi mudzimai kwaye haapfeke izvozvo.

²²⁵ Zvino ipapo, saka ipapo ivo...hepanoi paaiva, akagara ipapo. Nyama yake inonzwisa tsitsi yakaremba. Akange akazvipenda zvairatidzika kunge maruva eorchid, hameno kuti munozviti chii, pamiromo yake. Uye nekakugerwa zvishoma semunhurume, rakasimukira; izvo zvakataurwa neBhaibheri, zvainge zvichinyadzisa. Uye mukadzi, wokuti murume. . .

²²⁶ Bhaibheri rinoti, kana mukadzi akagera bvudzi rake, murume ane kodzero yekumuramba, nokuti haana kutendeka naye. Tinofanira kusvika zvino pakuparidza Bhaibheri pano rimwe ramazuva. Rakati, “Kana akagera bvudzi rake, haaremekedze murume wake.” Kana asingaremekedze, anofanira kurambwa. Haugone kuroora mumwe zvekare, asi unogona kumuramba. Fiyuu! Vakomana, izvo, zvava kuenda zvichioma, ndiri kuzvinzwa. Asi ndicho Chokwadi.

²²⁷ Oo, zvaimboitika kuti, taimbova nazvo muzviyero zveMweya Mutsvene, asi takaregedzera mbambo. Hama yakare yaigarotaura ichiti, “Takaregedzera mbambo, takaregedzera mbambo, takarerutsa nechivi. Takaregedzera mbambo, makwai akabuda, ko mbudzi dzakapinda sei?” Makaregedzera mbambo. Ndipo pane dambudziko. Makaregedzera mbambo,

nyika nechechi zvakasanganiswa pamwe chete. SemaMoabhi nevamwe vakadaro, naBharami, uye kuti akaroodza sei pakati pavo, ndizvo chaizvo zvimwe chetezvo nhasi. Zvino chechi yasvibiswa yose, uye zera rePentekosti ndiro zera reRaodhikia, rinosvika pakudziya, ndokusvipwa kubva mumuromo waMwari. Uye kubva muboka rose, Mwari vanodana chikamu chaVo chevakasara, voMuendesa Kumusha, ndizvozvo chaizvo, ndizvozvo, kubudikidza nerumuko.

²²⁸ Zvino hepano paaiva, akagara ipapo, pendi yepamuromo yakazara kumeso kwake kwose, uye yaiva kwese-kwese saizvozvo. Uye aiva nezvinhu zvitema pamaziso ake, uye achidikitira, richiyerera pasi. Zvino chembere iyi inonzwisa tsitsi yaigona kunge yanga iine vana vevazukuru. Zvino akange akagara ipapo neharahwa mbiri, uye mumwe wacho aiva nesikavha hombe yakare yakamoneredza mutsipa wake, uye muri muna Chikumi, akagara ipapo. Zvino akasimuka, uye aiita sekunge ari kunwa, zvino mudzimai ainwawo, zvekare. Uye akanga achitarisa-tarisa.

²²⁹ Ndakafunga, “Oo Mwari! Mwari, ko Madii kungotsvaira zvinhu izvi kubva panyika? Ko sei Musingadaro? Ko Sharon wangu mudiki.. Mwana wangu mudiki, Sarah wangu mudiki naRebekah wangu mudiki vanofanira kukudzwa muchizvarwa ichocho, kuti vatarisane nezvinhu zvakadaro?” Ndakafunga, “Tarisai kunze kuno mumapaki nezvakadaro, uye nezvinoitika.” Ndakafunga, “Oo Mwari! Oo, ndinofara kuti Makatora Sharon kana kwakange kuri kuda kweNyu. Ko kaRebekah kangu neka—kaSarah kangu vanofanira kuti vakudzwe pasi pezvinhu zvakadaro?” Zvino, vanhu ivavo vanovadana...vachiimba mukwaya nezvimwe zvese. Zvino ndakafunga, “Hazvinyadzise here?” Ndakafunga, “Mwari, ko Hutsvene hweNyu hwakarurama hungatsungirira sei nazvo? Zvinotaridzika sekuti hashu dzeNyu tsvene dzinogona kubhururukira ipapo uye—uye dzopotitsa nzvimbo ino.”

²³⁰ Zvino ndakanzwa Mutumwa waJehovha, achiti, “Huya parutivi.” Ndakafamba ndichienda ikoko. Zvino paAkange apedza neni, ndakanzwa sekunge ndava munhu akasiyana. “Ko uri kumupomera nechikonzero chei?”

Ndikati, “Tarisa izvo, maratidzikiro aakaita.” Zvino hezvino zvaAka- . . .

²³¹ Ndakaona chiratidzo. Ndakaona nyika yakaita seizvi, iri denderedzwa, imwe nyika. Asi nyika iyi pano, yaiva nemuraraungu wakaipoteredza, zvino raiva riri Ropa raKristu rinochengetedza hashu dzaMwari. Haaigona kutarisa pane izvozvo, Iye—Iye aingoparadza chinhu ichocho iko zvino, nokuti Akati, “Nezuva rauchadya, zuva iroro uchafa.” Saka Aizozviita.

²³² Ipapo ndakafunga sezvizvi. Ndakazviona pachezvangu. Kunyangwe ndisina kuzviita izvozvo, asi ndaiva mutadzi,

zvakadaro. Zvino ipapo Ropa raJesu Kristu rinoita kwatiri sebhamba. Maona? Kuti, kana ndatadza, zvivi zvangu zvinoMurova uye zvokuvadza musoro waKe wakakosha, uye ndaiona misodzi neRopa zvichiyerera zvichidzika. “Muregererei, Baba, haazive zvaari kuita.” Zvino ndaiita chimwe chinhu uye zvoRirova. “Muregererei, Baba.”

²³³ Dai zvaingoMupfuura, ndingadai ndakaparadzwa. Uye dai ndainge ndisina kumbobvira ndakagamuchira nyasha dzaKe, uye nezuva iro mweya wangu unoyambukira mhiri mberi ikoko, ndainge ndakatongwa kare. Ndakaramba. Hapana chasara asi kutongwa. Ndakatongwa, ndakatongwa kare. Mwari akati, “Nezuva rauchadya, zuva iroro uchafa.” Watotongwa ndizvo chaizvo. Ichi ndicho chigaro chekutongwa masikati ano, maonero ako kuna Kristu.

²³⁴ Zvino ipapo ndakafunga, “Hongu, ndizvozvo.” Zvino ndakaona rimwe zuva randakakambaira kusvika kwaAri. Ndakaona bhuku rangu rakare rirere ipapo, mutadzi, ipapo paive pane zvinhu zvose zviri pariri. Ndikaona kuti zvivi zvangu ndizvo zvainge zvichizviita, uye ndikati, “Ishe, Mungandiregererawo here?”

²³⁵ Akatora ruoko rwaKe akaisa parutivi rwaKe, ndokutora Ropa, akanyora pamusoro, akati, “Waregererwa.” Ndokurikandira mugungwa rekanganwiro, kwarisingazorangarirwe zvekare. Rakanga ratoenda zvachose! Iye akati, “Ndakuregerera, asi uri kupomera mudzimai.”

Izvozvo zvakashandura pfungwa yangu. Ndikati, “Ishe, ivaiwo netsitsi.”

²³⁶ Mushure mekunge ndabuda machiri, ndakafamba ndokuendako kunogara pasi. Ndikati, “Makadii henyu, amai?”

Akati, “Oo, kaziwai.”

²³⁷ Zvino ndakati, “Kana mungandiregererawo,” ndikati, “Ndini mufundisi Branham, mushumiri.”

Akati, “Oo, ndiregerereiwo. Ndiregerereiwo, Mufundisi Branham.”

²³⁸ Ndikati, “Mudzimai.” Ndakamuudza nyaya yacho. Ndikati, “Ndange ndakamira apo, uye ndange ndichikupomera, uye ndichifunga, ‘Chinhu chakaipa zvakadii!’ Zvimwe une vana.”

Akati, “Ndinavo.”

²³⁹ Ndikati, “Chii chakaita kuti zviende nepasipo?” Akatanga kubhedhenura nyaya kwandiri iyo yaigona kubvarura mwoyo wechinhu chipi hacho. Ndikati, “Ini—ini ndange ndichibunza Mwari kuti sei Asiri kungobvisa zvakadaro panyika. Pano, iwe uri pano nevarume vaviri vakadhakwa, uye iwe wakadhakwa, pachezvako.” Uye ndakati, “Rimwe ramazuva...Ropa iroro rakabata hashu dzaMwari kubva pauri. Uchafa rimwe ramazuva. Uye, zvino, uri—uri munhu

akasununguka kuzvisarudzira iko zvino, unogona kuramba kana kugamuchira.” Ndikati, “Asi rimwe remazuva mweya wako uchaenda mhiri uko, uko kunenge kusina tsitsi dzasara. Uye kana ukafa uri muzvivi zvako, wakatotongwa kare, uye uri kuenda kugehena.”

²⁴⁰ Munoziva chii? Mudzimai iyeye akabuda zvinyoronyoro kubva pachigaro ichocho ipapo murestorandi imomo. Takava nemusangano wekunamata sezvausati wakambonzwa muhupenyu hwako, uye akauya kuna Kristu. Chaiva chii? Musavapomera; vaudzei Evhangeri. Vakabatwa nemadhimoni; vanhu vanofa vari muchiyero chino. Vanorunzirwa kubva neche kuno uku. Runziro yedu inobva kumusoro. Ngationei zvatingaite nezvipo zvedu, kuti tiunze vamwe kuna Kristu.

²⁴¹ Baba vedu veKudenga, tinoKutendai nokuda kwekunaka pamwe netsitsi dzeNyu. Ndine hurombo, Ishe; zvimwe, vanhu, ndavachengeta pano kwenguva yakarebesa. Asi sezvo kuri kuvharwa kwemisangano iyi yemasikati sezvizvi, ndange ndichida kuvaudza, “madhimoni,” zvino ndaguragura zvakananyanya zvacho panzvimbo imwe chete, mushumiro imwe chete, asi zvimwe vanogona kuzviona, pano neapo, uye vonzwisisa zvandaireva. Imi munoziva zvinangwa zvemwoyo wangu, kuti ndiiunze.

²⁴² Dai vanhu vaenda vachibva pano masikati ano, uye varume nemadzimai votarisa mafambiro avo ose avanoita, asi vararame vachifara uye vakasununguka. Ngavazive kuti Mwari akavaponesa. Uye dai vatarisa kwaAri, vokanganwa zvitendwa zvose nezvinhu zvakavakomberedza, uye vorarama murugare nekudzikama, nemukutya Mwari. Zvino ipapo, Mwari, kana Moda kuvashandisa kuita chero chinhu, Munogona kutaura zvakananga kwavari movatumira chero kwaMunoda kuti vaende kana kuti chero chaMunoda kuti vaite. Dai vanhu vazvininipisa uye vawana Kristu mumwoyo yavo. Tiregerereiwo, Ishe, kukanganisa kwedu, mumwe-nemumwe wedu.

²⁴³ Uye tinoziva kuti—kuti Satani ari kufamba-famba seshumba inoomba, kwese-kwese, achiparadza vaanoda, akapfeka hanzu dzezvinamato. O Mwari, vana vadiki vanonzwisa tsitsi ava, vatarisei, kwese-kwese. Vari pamenhe uye vari pachena kuvanhu. Uye ndinoKukumbirai, Mwari, kuti muvanzwire tsitsi, uye muponese vose vakarasika, podzai vanorwara. Zvino, Mwari, tinocherechedza kuti madhimoni aya ekare ehurwere ari kuuya pavana veNyu, kuti Mune yananiso iri mhiri uko, kugadzirisa izvozvo. Uye nemadhimoni ose anozvakonzera kuti vatadze, Mune yananiso iri mhiri uko, inogadzirisa izvozvo. Uye ndinonamata kuti Muzvipe Muzita raJesu. Amen.

Handizive kana paine . . .



ZVEMADHIMONI — MUCHIYERO CHEZVINAMATO SHO53-0609A
(Demonology — Religious Realm)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEZVEMADHIMONI

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Chipiri masikati, 9 Chikumi, 1953, paRoberts Park Amphitheater muConnersville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org